ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ХЕКIУАТЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№№203 - 204 (21.362) ● 2008 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 18, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 6-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

★★★★★★

Къаздэхъу О. Гъу. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм «щIыхь зиI» и лэжьакIуэ» щIэ лъапIэр фIэщыным и Iуэхуки I

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

Социальнэ политикэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыпхъигъэкIыным къаруушуэ зэрырихьэлIам икIи илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм «щIыхь зиI» и лэжьакIуэ» щIэ лъапIэр фIэщын **Къаздэхъу Олег Гъумарбий и къуэ** - Бахьсэн муниципальнэ районым и Iэтащхьэм социальнэ Iуэхуэмкlэ и къуэдзэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2008 гъэм жэпуэгъуэм и 15-м
№104-УП

Мэкъуауэ А. Хь. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и мэкъумэш хозяйствэм щIыхь зиI» и лэжьакIуэ» щIэ лъапIэр фIэщыным и Iуэхуки I

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и мэкъумэш хозяйствэм зегъэужьыным къаруушуэ зэрырихьэлIам икIи илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм папщIэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и мэкъумэш хозяйствэм щIыхь зиI» и лэжьакIуэ» щIэ лъапIэр фIэщыным **Мэкъуауэ Арсен Хьэсин и къуэм** - Лъэкэн муниципальнэ районым и администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэм - мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхьэмкlэ управленэм и унафэщIым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2008 гъэм жэпуэгъуэм и 15-м
№106-УП

Ибрэхим Б. М. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм физкультурэмрэ спортымкlэ щIыхь зиI» и лэжьакIуэ» щIэ лъапIэр фIэщыным и Iуэхуки I

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

Физкультурэмрэ спортымрэ зегъэужьыныкIэ лэжьыгъэшхуэ зэрызэфIигъэкIам папщIэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм физкультурэмрэ спортымкlэ щIыхь зиI» и лэжьакIуэ» щIэ лъапIэр фIэщын **Ибрэхим Борис Мухьэмэд и къуэм** - «Спорт Iэзагъэ лъагэм щIыхуагъасэ школ» ведомствэхэм эдай олимп центр къэрал Iуэхущапlэм и унафэщIым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2008 гъэм жэпуэгъуэм и 15-м
№107-УП

★★★★★★

Махуэшхуэм хуэхьэзырщ

Жэпуэгъуэм и 17-м КъБР-м и Правительствэм и Уэрэм щекIуэкIащ КъБР-м и Парламентыр илъэс 70 зэрырикъур гъэлъэпIэныкIэ къызэгъэпэщакIуэ комитетым и нужьрей зэIуэпIэр.

АР КЪЫЗЭУИХРИ, гуфIэгъуэ махуэхэм зэрызыхуагъэхьэзыр лъэкьегъэхэр здынэсам, ары сыхьэлIа Iуэхугъуэхэр зэфIэха зэрыхьэм тригъэпсэлъыхьыну КъБР-м и Президент **Къанокъуэ Арсен** псалъэ иритащ Парламентым и Унафэщ **Бечелов Ильяс.**

- КъБР-м закон къыдэзыгъэкI и орган нэхъыщхьэр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 70 зэрырикъур, КъБР-м и Парламентыр илъэс 15 зэрыхъур гъэльэпIэным ехьэлIауэ луэбзыхуа Iуэхугъуэхэр иэсу дгъэзэщIауэ жыпIэ хъунущ, - жиIащ Бечеловым. - «2008 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэным и Iуэхуки I». Унафэ къэтщтащ. Абы щхьэ иткIэ, юбилей Iуэхуэм тедгъэкIуэдэну мылъкуу сом мелуани 3 тхухахащ.

КъБР-м и Парламентыр илъэс 70 зэрырикъуэм ехьэлIауэ фокIадэм и 17-м Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ институтым щIэныгъэ-практикэ конференц щекIуэкIащ. Апхуэдэу накъыгъэм и 26 - 30 махуэхэм республикэм и курыт еджапIэхэм дерс зэIуахэр щатащ, абы кIэлъыплъащ депутатхэр, егъэджэныгъэмкIэ Iуэхущапlэхэм я лэжьакIуэхэр, адъэнэхэр. А лэжьыгъэм щыпащащ курыт Iэщlагъэ щрат еджапIэхэм, еджапIэ нэхъыщхьэхэм.

Махуэшхуэм хуэгъэпсауэ щытащ еджапIэхэмрэ щIэныгъэ зэгъуэхэныгъэхэмрэ я щIалэгъуалэм я урысейпсо кэм и курыт еджапIэхэм дерс зэIуахэр щатащ, абы кIэлъыплъащ депутатхэр, егъэджэныгъэмкIэ Iуэхущапlэхэм я лэжьакIуэхэр, адъэнэхэр. А лэжьыгъэм щыпащащ курыт Iэщlагъэ щрат еджапIэхэм, еджапIэ нэхъыщхьэхэм.

Махуэшхуэм хуэгъэпсауэ щытащ еджапIэхэмрэ щIэныгъэ зэгъуэхэныгъэхэмрэ я щIалэгъуалэм я урысейпсо зэпеуэм, «Хабзэубзыху IэнатIэм сэ къыщыхьзолъхьэ» зыфIащам и республикэ Iыхьэри. Ди ныжьыщIэ 40-м я лэжьыгъэхэр Урысейм щыкIуэдрыкIати, 18-р зэпеуэм лауреат щыхьащ. Юбилейм ехьэлIа спорт зэхьэзэхуэхэр щекIуэкIахи къуажэхэми. ДызэрызэгурыIуам тету, телевиденэмри радиоми нэтынхэр кьат, газетхэм рубрикэ щхьэхуэм щIэту къытрадзэ зи гугъу тщIы Iуэхум теухуа тхыгъэхэр. Апхуэдэуи журналхэм къытехуэну тхыгъэхэр догъэхьэзыр.

КъБР-м Щэнхабзэмрэ хьыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ и министерствэмрэ КъБР-м и Парламентымрэ зэгъэсу зэхагъэуващ гуфIэгъуэ махуэхэм Налшык щекIуэкIыну Iуэхугъуэхэр.

ЗэIуэм кърихьэлIа министрхэм я упщIэхэм жэуап яритащ Бечелов Ильяс.

Кьанокъуэ Арсен жиIащ КъБР-м и Парламентыр илъэс 70 зэрырикъур Iэтауэ, хьэщIэхэмэ ди лъахэзэгъэмэ ягу кьинэжу, екIуэ ягъэлъэпIэн зэрыхуейр.

- Абы папщIэ ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэхэм куэд къызэщIаубыдэу, и чэзум зэрыгъэгъэкIыпхъэр ящIэу зэрылэжьам гугъэ уегъащI гуфIэгъуэ махуэхэр къызыхуэтыншэу, дахуэ зэрекIуэкIынымкIэ, - жиIащ Президентым.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замир.

Сурэтхэр **МАМИЙ Руслан** *тригъащ.*

Жэпуэгъуэм и 20, блыщхьэ

Щхьэж нэхъ зыхуэныкъуэхэмкIэ ядоIэпыкъу

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент Кьанокъуэ Арсен Бахьсэн кьалэм щыщ щIалэ цыкIуищым компьютерхэр тыгъэ яхуищащ.

ХьэщIкIуий Аскэр программист Iэщlагъэр зригъэзгъэуну, Жамырзэ Беслъэн дохутыр хьуну я мурадщ, Хьэщпакъ Ибрэхьим ди Президентым нэхъ зригъэщхьыну хуейщ. Бахьсэн щыщ а школакIуэ цыкIухэм республикэм и Iэтащхьэм яхуиIуа тыгъэхэр сэбэп кьахуэхъунущ кьыхаха Iэщlагъэхэм яхуэфащэн щIэныгъэ зрагъэзгъэутынымкIэ.

Кьанокъуэ Арсен езым и ахьшэкIэ КъБР-м и Щыхубзхэм я союзми принтерэр факсэр кьахуищэхущ.

Республикэм и Президентыр апхуэдэу ядэIэпыкъуащ Налшык щыщхэу Гоконаевэ Раисэ, ныкъуэдыкъуагъэ зиIэ Къуэщысокъуэ Муращ, нэгъуэщI къэрал кIиIэпхъукIыжу зи эхъум къэзыгъэзэжа Башэунэ Мухьэмэд сымэ. Ахэр псэуныгъэ и лъэныкъуэкIэ гугъуехь зэрыхьэхуам кьыхэхIыу Кьанокъуэ Арсен ахьшэкIэ защIигъэкъуащ.

Фигу кьэдгъэжьажьищ ихьэкIыс куэд лъандэрэ хуэмыщIахэм зэрадзэпкIыкъым папщIэ Кьанокъуэ Арсен Урысейм и Мамырыгъэ фондым и наградэ нэхъыщхьэр - «Мамырыщэкъу, псапащIэ лэжьыгъэм папщIэ» дыщэ медаль - кьыхэзырратар.

ХЬЭПЭ Маринэ,
КъБР-м и Президентымрэ
Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущапlэм и лэжьакIуэ.



Къыдэтемыувыдэн папщIэ

Дунейпсо экономикэ форумым къыщыщынсалъэм УФ-м и вице-премьер Иванов Сергей кредит Iуэхущапlэхэр къыхуряджащ щIыкъ кьелыщIкI къыхьэльатэхэр къыдэтемыувыдэнар къамыгъэхьуну.

Махуэ зыбжанэ хьуауэ щIыхуи 120-рэ Иркутск икIыу Москва кIуэфырыкIыж, ахэр зэрытIысхьэн хуея «Ту-154-м» иратрахьэн гъэсыныпхъэ зэрамыIэм кьыхэкIыу. Кьхъулъатэр зей «Интеравиа» компанием щIыхуэшхуэ тельщ. Правительствэм и унафэщIым и къуэдзэм кредит Iуэхущапlэхэр къыхурядж апхуэдэ компаниехэм ядэIэпыкъуну.

Мэжджыт нэхъ ин дыдэ

Дыгъуасэ Грозиэ кьалэм къыщыхъэIуахащ Европэм щынэхъ ин дыдэ мэжджыт-ыр. Абы щIыхь мащIэ щIохуэ, тхыль хуэмащIэ ин, ильам институт, социуст-хэр зыщыпсэуну пэнхэр хэтщ.

ИпэIуэкIэ Щэшэным и кьалащхьэм щыIащ УФ-м и Премьер-министр Путин Владимир. Абы жиIащ апхуэдэ мэжджытым гъэпсыгъэ щIыналъэри иригушхуэ хьуну.

Мэжджытым къызэIуахыным ехьэлIа гуфIэгъуэ Iуэхуэхэм хэтащ къэрал 25-м кIи кIа хьэщIэхэр.

Щэшэным и япэ президент КадыровАхьмэт-Хьэжы и цIэр зыфIащащ мэжджытым-рэ абы егъэщIылIа щIыпIэхэмрэ псори зэхэту гектар 14 мэхьу.

Дзыхь кьрагъз

Спортсмен цIэрыIуэ дыдэ, къызэрыгъэпщакIуэ Iэзэ Фетисов Вячеслав Приморьем и щIэкIэ Федерацэмкlэ Советым хэтынущ.

Абы апхуэдэ щIыхьышхуэ къыхуищIащ щIыпIэ парламентым.

(ИТАР-ТАСС).

Мы махуэхэм

Жэпуэгъуэм и 18,
щобэт

♦Азербайджан Республикэм щагъэзгъапIэ къэралыр щхьэхуэ щыхьэуа махуэр (1991).
♦Жэпуэгъуэм и 18 - 26-хэм Японием и кьалащхьэ Токио щекIуэкIынуп 21-нэ дунейпсо кинофестиваль.
♦Жэпуэгъуэм и 18 - 26-хэм Киев щекIуэкIынущ «ЩIалэгъуэ» 38-нэ дунейпсо кинофестиваль.
♦Илъэс 200 и пэкIэ кьалъхуащ адыгэ тхыдэгъэ, этнографэ, тхакIуэ, уэзэщIакIуэ Хьан-Джерий Сультан (1808 - 1842).

♦Дыгъэр кьыщIэкIащ сыхьэти 7-рэ дакьикъэ 26-м, къуэкъжьнуп сыхьэт 18-рэ дакьикъэ 18-м.
♦Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэти 10-рэ дакьикъэ 52-рэ.

Жэпуэгъуэм и 19,
тхьэмахуэ

♦Илъэс 90 и пэкIэ (1918) СНК-м унафэ кьыдигъэкIащ Индыл и Iуфэм Iус нэмыцэхэм я Лэжьакlуэ коммуно къызэгъэпэщыным теухуа́уэ. 1924 гъэм и дыгъэгъэгъаэзм АССР хьэуащ. И кьалащхьэр Энгельст. 1941 гъэм нэмыцэхэр Сыбырым, Къазахъстаным, СССР-м и изгъэущ щIыпIэхэм залымыгъэкIэ ягъэIэпэхуащ (1964 гъэм и щыщхьэIум хэй яцIыкащ).
♦Жэпуэгъуэм и 19 - 24-хэм Буэнос-Айрес (Аргентинэ) щекIуэкIынущ радиацэм пэщIэтынымкIэ дунейпсо зэгухьэныгъэм и 12-нэ конгрессыр.
♦Жэпуэгъуэм и 19 - 22-хэм Дюссельдорф (Германие) щекIуэкIынущ дунейпсо сату выставкэрэ конгрессрэ.

♦Дыгъэр кьыщIэкIыщущ сыхьэти 7-рэ дакьикъэ 27-м, къуэкъжьнуп сыхьэт 18-рэ дакьикъэ 17-м.
♦Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэти 10-рэ дакьикъэ 50-рэ.

Жэпуэгъуэм и 20,
блыщхьэ

♦Остеопорозым зыщыкъуэмыным и дунейпсо махуэщ. Инджылъэным Остеопорозымкlэ и лъэпкъ зэгухьэныгъэм и жэрдэмкIэ ягъэуващ, Узыщыщагъэр хьэрыкъуэмкIэ дунейпсо organизацэм диныгъри.

Урысей флотыр кьыщызэрагъэпэща махуэщ (1699). Петр Езанэм и техуэзыныгъэкIэ 1696 гъэм жэпуэгъуэм и 20-м Боярэ Думэм унафэ кьыщIагъэ хьэрыкъуэмкIэ дунейпсо кхъухь 52-рэ ухуэным теуэуащ.

♦Дзэ связым и махуэщ. УФ-м и Президентым 2008 гъэм накьыгъэм и 31-м кьыдигъэкIа указым ипкъ иткIэ ягъэуащ.

♦Мы махуэм Югославием и лъэпкъ-щхьэхуитщIыжкIуэ дзэхэр я гъуэгу 3-нэ, 2-нэ Украин фронтхэм хуит кьащIыжащ Югославием и кьалащхьэ Белград.

♦Илъэс 70 и пэкIэ (1938) Примор, Хабаровск крайхэр кьызэрагъэпэщащ.

♦Жэпуэгъуэм и 20 - 23-хэм Страсбург (Франджы) щекIуэкIынущ Европарламентым и пленар сессие.

♦Илъэс 80 и пэкIэ (1928) кьалъхуащ Китайм и къэрал лэжьакIуэ, 1992 - 2003 гъэхэм КНР-м и Къэрал советым и премьеру щыта Чжу Жунцзи.

♦Дыгъэр кьыщIэкIынущ сыхьэти 7-рэ дакьикъэ 29-м, къуэкъжьнуп сыхьэт 18-рэ дакьикъэ 15-м.
♦Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэти 10-рэ дакьикъэ 49-рэ.

ПIалъэгъэр зыхьэхуэмрар **ПАЛ Мухьэмэд.**

Бжьэ зэмыуам фом и уасэ ищIэркъым.

Жэпуэгъуэм и 17-м КъБР-м и Правительствэм и Уэрэм щекIуэкIащ КъБР-м и Парламентыр илъэс 70 зэрырикъур гъэлъэпIэныкIэ къызэгъэпэщакIуэ комитетым и нужьрей зэIуэпIэр.

♦Дыгъуасэ

КъБР-м и Президентым и деж щыIэ Жылагъуэ-чэнджэщэгу советым «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ щытыкIэм и Iуэхуки I»

ЖИIАР

Налшык къалэ *2008 гъэм жэпуэгъуэм и 14-м*

ИУЖЬРЕЙ зэманым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм я щIэхэр кьащIэт щытыкIэр зэрызэгъэзыну хуиIэжьу политикэ кьару, корпоративэ гуп зэмылIэужьыкIыгъуэхэм. Хабзэм кьемызэгъыу Iэщlэжь зыгъэщIэзыуэда гупу, дин Iуэхур кьагъэсэбэпурэ, къэрал щыбним щыщ кьарурэм Урысейм, абы и зэкъуэтыныгъэм и бийуэ ирагъэжьуэкI бэнэныгъэр дгъэзыгъэзэ я мызэкъуэу, апхуэдэ Iуэху мыхъумыщIэхэр езыгъэкIуэкIэм ящыщщ граждан жылагъуэм и Iуэхущапlэу зыкъэзыпытыгъэ языныкъуэ зэгуэхэныгъэхэм я пашэхэр (кьапщтэмэ, «КъБР-м и балъкъэр лъэпкъым и нэхъыжьхэм я советыр»), республикэм и властым и Iэнатlэ зэмылIужьыкIыгъуэхэм я гъэсыныгъэ щыта цыхьу гупхэр. ЩIэпхъаджагъэ щхьэхуэхэр зылэжь бандэхэр хабзэхъумэхэм зэратеуэм, цыхьухэмрэ республикэм и властхэмрэ я гъэсынэну зэрыхущIэкIуэм кьыдэкIуэу, ищхьэкIэ кьыщыгъэлъэгъуа гупхэм ткIийуэ кьагъэувэ пхумыгъэзащIэм, бгъэзащIанкIи Iмал зимыIэ Iуэху мыхъумыщIэхэр, абыхэм лъэпкъ щхьэхуэхэм зыкъарагъэIэтын папщIэ хьыбарыпщIэхэр ягъэIу. А Iуэху фIейкъэм кьадэкIуэу абыхэм кьэралым и унафэщIхэм, федеральнэ властым и Iэнатlэ зэмылIужьыкIыгъуэхэм я гъэсынэ республикэм и властыр гъэпудыным, кьэбэрдей-балъкъэр жылагъуэр зэгурымыIуэныгъэм хэдзэным хуэунэтIа лъэIу, резолюцэ, нэгъуащI тхьэусыхафэ куэдыкIейхэр.

Нэрылъагъущ апхуэдэ мыхъумыщIагъэхэр кьызыпхъырыкIыр властым и Iэнатlэм кьыдагъэкIжа, бюджет мытыкIи хуэдгъэхуныу Iэмал зымыгъэуэтыж цIыху щхьэхуэхэр арауэ зэрыщIытыр. Ахэрщ нобэ властыр езэгъэрабгъу лъэпкъ яхэмыльу зыубыр икIи а щIыкIэм тёту властыр зыIэрызыгъэхьэжыну хущIэкъуэкIыр.

Псом мурымыдзу уегъэгузавэ ищхьэкIэ кьыщыгъэлъэгъуа къарурэм щытыкIэр зэIагъэхьэн папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу лъэпкъхэм яку дэлъ мамырыгъэмрэ зэгурыIуэныгъэмрэ нэщанэуапIэ нэхъыщхьэу кьыззэрыхахам. Абы папщIэ кьагъэсэбэп урыс, балъкъэр лъэпкъэр республикэм зэрыщыщагъэуэм теуэуауэ кьагупсыса псапльэмакъэу лъабжьэ лъэпкъ зимыIэхэр. Ахэр ипэжьипIэкIэ хущIокъуэ республикэр абы щыпсэу лъэпкъхэм ятещIыхьауэ зэкъуэуадыну. Абы кьрикIуэкIэ хъуну шынагъэр зыхуэдэр нэрылъагъу кьащIащ иджыблагъэ Гундапэн кьуажэм деж кьыщыхъуа Iуэхуэхэм.

А псоми я лэкIэ иткIэ Жылагъуэ-чэнджэщэгу советым къегъэлъагъуэ, иужьрей илъэсипщIэхэм экономикэ, социальнэ гугъуехь куэд зэтрихьа пэтми, республикэм и экономикэмрэ финанс хозяйствэмрэ кьаэхэгъэзыуважыным, налог хабзэхэр зэрагъэзащIэр гъэбыдэным, КъБР-м и социально-экономикэ, щэнхабзэ зыуужьныгъэм и стратегиер убзыхуным, цIыхухэм я жьыджэрагъыр кьэIэтыным, щIалэгъуалэ политикэ зэкIэлъыкIуэ зэтеуэувэным яхуэунэтIауэ республикэм и властхэмрэ Президент Кьанокъуэ Арсенрэ лэжьыгъэщхуэ зэрызэфIагъэкIар. Апхуэдэу лъэбакъуэщIэкэр ячащ граждан жылагъуэ Iуэхущапlэхэм зегъэужьыным, ахэр властым и Iэнатlэхэм зэрадгъэлажьэ Iэмалхэр эзгъэгъуэуным хуэунэтIауэ.

А псоми кьадэжьуэ республикэм и иджырей унафэщIхэм я лэжьыгъэм Жылагъуэ-чэнджэщэгу советым ныкъуэсанигъэ щхьэхуэхэри хельагъуэ. Псалъэм папщIэ, лэжьапIэнщхэм я бжыгъэм зэрыкIэрыхуэ псынщIагъым, коррупцэм зэребэным арэзы укъащIыркъым, зэрыщытыпхъэм хуэдэу тэмэму зэтрагъэувакъым хьыбарагъэщIа-идеологие лэжьыгъэри. Властым Iэщlэжь сыт хуэдэ щыуагъэри ищхьэкIэ кьыщыгъэлъэгъуа къарурэм кьагъэсэбэп республикэм щыIэ щытыкIэр зэIыгъхьэныным хуэзэгъэзэуэ.

Апхуэдэ щытыкIэ щыIэ зэрыхъумакIэ хъуанащагъэ пыухыкIа ябгъэдэлъщ КъБР-м и граждан жылагъуэмрэ абы и Iуэхущапlэхэмрэ. Дэ иджыри зэрыхуэфащэкIэ ткIийуэ дыпэщIэуваким властымрэ мылъкумрэ зыIэрагъэхьэн папщIэ пъэпкъэхэр гъэпщIагъэкIэ хэзыгъэльэдэну хущIэкъуэхэм я мурадхэр ядгъэпщIэнкъым.

А псоми я лэкIэ иткIэ:

Жылагъуэ-чэнджэщэгу советым жеIэ идджырей унафэщIхэр, КъБР-м и Президент Кьанокъуэ Арсен, республикэм и хозяйствэ гъащIэр зэтетхъуэвжьным, республикэм и социально-экономикэ, политикэ, щэнхабзэ зыужьныгъэр щэщIауэ егъэкIуэкIыным хуэгъэзауэ абыхэм зэтрагъэува лэжьыгъэр зэрыдгъыгъыр;

Советым кьыхуреджэ республикэм щыIэ мамырыгъэмрэ лъэпкъым зыкъыгъэгъэзэжьыным хуэунэтIауэ, Жылагъуэ-чэнджэщэгу советым унафэ ищIащ мы тхьэгъэр Урысей Федерацэм и Президент Медведев Д. А., Урысей Федерацэм и Правительствэм и Унафэщ Путин В. В., Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и Унафэщ Грызлов Б. В., Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкlэ и Советым и Унафэщ Миронов С. М., УФ-м и Президентым и полномочнэ лыкIуэу Ипщэ федеральнэ округым щыIэ Устинов В. В. сымэ яхуигъэхьэну.

Жылагъуэ-чэнджэщэгу советым и фIэщ мэхъу лъэпкъ зэгурымыIуэныгъэ мамырыгъэмрэ хъумэным икIи гъэбыдэным хуэунэтIауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм, абы и граждан жылагъуэм, унафэщIхэм ирагъэкIуэкI лэжьыгъэм дэIэпыкъунырэ зэрыщIэзгъэнэну.

Жылагъуэ-чэнджэщэгу советым и лэжьыгъэр зэблэзыгъэкI **ТХЬЭГЪЭПСО Хьэжьысмел.**

Мурат и тренерыр Хьэпай Iэрамбийщ, зыщигъасэр Мейкъуапэ къалэщ.

Жармыкlэм щрагъэкIуэкI

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Республикэм и президентым и пресс-Iуэхущапlэм къызэритамкIэ, жэпуэгъуэм и 25-м Черкесск къалэ Правительствэм и бжэIупIэм деж республикэ жармыкIэ щекIуэкIынущ.***

БЖЬЫХЬэ жармыкIэм хэтынущ республикэм и экономикэм, промышленнэ, уней Iуэхущапlэхэр, хьэрычэтыщIэхэр. Апхуэдэуи абы кьрагъэблагъэнущ Ставрополь крайм и лЫкIуэкIэр.

Жармыкlэр екIуэкIынущ республикэм экономикэ зыужьныгъэмкIэ и министерствэм и нэIэ щIэту.

ХЬэщIыкъуэй Олег.

Чемпионатым зыхуегъэхьэзыр

АДЫГЕЙ. ***Мы гъэм и щэкIуэгъуэм самбэмкIэ дунейпсо зэхьэзэхуэ Санкт-Петербург къалэм щекIуэкIынущ. Абы хэтынущ Адыгеим и самбист Ристэ Мурат.***

РЕСПЛИКЭМ физкультурэмрэ спортымкIэ и комитетым и тхьэмадэ Хьэсанокъуэ Мурат зэрыжиIамкIэ, Ристэ Мурат дунейпсо чемпионатым и дыжьын медаль иIэщ, ныжьрей зэхьэзэхуэм чемпион щыхьыну щогугъ.

«Ристэ Мурат бэнакIуэ Iэзэщ. Зэчий зэрыбгъэдэлъри иджыблагъэ Чебоксары кьалэм щызэхэта Урысей чемпионатым кьыщIигъэзгъэ зэрыгъэкIэжкIэ нэIуэ ищIащ. Абы щызэпеуат Москва, Санкт-Петербург, Армавир, Чебоксары я клубхэр. Мурат щыбанэ, килограмм 68-рэ зи хьэлъагъэм я деж зэхьэзэхуэу хъуар кьаб-зэу къыщихьащ», - кьыхигъэщащ Хьэсанокъуэ Мурат.

Iуэхур зэтоувэж

АБХЪАЗ. ***Республикэм Курортхэмрэ туризмэмкIэ и кьэрал комитетым къызэритамкIэ, дыдзрыгъ нтрэсым щыналъэм зыщыщызэпсэхуэ туристхэм я бжыгъэм нэгъабэ елъытауэ процент 40 кIэрыхуащ.***

АБЫ И ЩХЬэУСЫГЪУЭУ IэщlагъэлIхэм кьатьитар Абхъазым нобэ щыщIэ политикэ, экономикэ щытыкIэхэр зэрыгугъурщ, путеякъэхэм я уасэм зэрыхэхъарщ, зыгъэпсэхугъуэ лъэхъэжьэн уэлбанэрилэу кьызэрыщIэкIащ. Псалъэм папщIэ, 2007 гъэм республикэм и санаторэхэмрэ пансионатхэмрэ щыхуэ мини 120-м нэблагъэм зыщагъэпсэхуащ, дызэрыт илъэсым ахэр мин 70-м щIигъуу араща.

«Рица тур» турист компанием и унафэщI Лолуа Еленэ зэрыжиIамкIэ, Iуэхур апхуэдэу екIуэкIынукъым: Урысей Федерацэм Абхъазыр и щхьэ хущIытыж къэралыгъуэ щхьэхуэу кьызэрыльытэрэ, фокIадэ - жэпуэгъуэ мазэхэм туристхэм я бжыгъэми эхъуэжащ.

Республикэм зыщызыгъэпсэхуну кьакIуэхэм я нэхъыбэм турфирмэхэм зыхуагъазэркъым, атIэ езыхэм фэтэр кьащтэж. Ар куэдкIэ нэхъ пудщ. Псалъэм папщIэ, зы сутkэр уней хьэщIэщым соми 150-рэ щиуасэу араща.



Футбол

Фыдогъэблагъэ!

Урысей Федерацэм футболымкIэ и премьер-лигэ **«Спартак-Налшык» - «Зенит» (Санкт-Петербург)** Налшык.

«Спартак» стадион.

Жэпуэгъуэм и 18. Сыхьэт 16-рэ дакьикъэ 45-м.

Щlалэгъуалэ зэпеуэ

«Спартак-Налшык» - «Зенит» (Санкт-Петербург) - 2:2

Урысей Федерацэм футболымкIэ и премьер-лигэм хэт командэхэм я щIалэгъуалэ гупхэм я зэпеуэм ипкъ иткIэ, дыгъуасэ Нарткъалэ щекIуэкIа зэIуцIэм ахуэдэ бжыгъэ гъубж Маратрэ Михеев Алимрэ.

ЗэIуцIэр зэрекIуэкIам теухуа тхыгъэ ди газетым тетынущ.

ЖЫЛАСЭ Замир.

ЗэIуцIэхэр | Джэрэджэж | Фэеплъ
КЪЭБЭРДЕЙ
Махуэгъэпс | Щбэт кьыдокIыгъуэ | Малъхъэдис

● Жэпуэгъуэм и 19-р Гъуэгу хозяйствэм и лэжьакIуэхэм я махуэщ

Тыншу икIи шынагъуэншэу ущызекIуэн папщIэ

Гъуэгу хозяйствэм и лэжьакIуэхэм я махуэр жэпуэгъуэ мазэм и кIэм зэрыхуэзэм Iэмал хъарзынэ къыдет илъэсым нэхъыщхьэу тхузэфIэкIахэр пэублэу зэхэтлъхьэжыну.

ИУЖЬРЕЙ зэманым Къэбэрдей-Балъкъэрым транспорт Iуэхум нэрылъагъуу зыщеужь. Гъуэгу хозяйствэр абы и зы Iыхьэщ. Мы IэнатIэм щекIуэкI зэхъуэкIыныгъэхэр зыхуэгъэзар республикэм и экономикэр къэIэтынырщ, цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэнырщ. Абы и лъэныкъуэкIэ ди гъуэгу хуэхэм я Iуэхущ1афэр зыхуэдэр псоми ялъагъу.

Гъуэгу хозяйствэм зегъэужьыным теухуа къэрал политикэр дгъэзащIэкIэрэ, ди министерствэм и лэжьыгъэр еунэтI федерал центрым, КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ къагъэув къалэнхэм зэрыщыубзыхуам тету. Президент Къанокъуэ Арсен жылагъуэхэм щыкIуэкIэ пщэрылъ пыухыкIахэр къытщещI. Дэри ахэр и чэзум зэрыдгъэзэщIэным дыхущIокъу.

Социальнэ, экономикэ я лъэныкъуэкIэ республикэм игъуэт зыужьыныгъэхэм автомобиль гъуэгухэм я щытыкIэр пэхъун хуейщ. Ар къытхузэгъэпэщмэ, хьэлъэхэмрэ хьэпшыпхэмрэ мылъку лей темыкIуадэу яхуэгъэIэпхъуэнущ, гъуэгу техьэ цIыхухэр нэхъ арэзы тхуэщIынущ.

ЩIыналъэ гъуэгухэм зегъэужьыным гулъытэ хэха худощI - щIэхэр доухуэ, турист-рекреацэ комплексыр здэщыIэ щIыпIэхэр зэIузэпэщ дощI. Иужьрей зэманым а лэжьыгъэхэр щIэгъэхуэбжьауэ щыдогъэкIуэкI муниципальнэ районхэмрэ жылагъуэхэмрэ.

Псоми къагъэсэбэп федерал, щIыналъэ гъуэгухэм мы гъэм хухахащ сом зы мелардрэ мелуан 769-рэ. Мазихым кърикIубыдэу мелуан 425-м нэблагъэ къэдгъэсэбэпащ, гъуэгущIэу километр 31-рэ ттащ. 2008-2009 гъэхэм тещIыхьа федерал инвестицэ программэм щыубзыхуахэр дгъэзащIэкIэрэ, Нарткъалэ - Уэзрэдж - Хьэту ей жылагъуэ хэр зэпызыщIэ гъуэгуу километр 11 зыхуей хуэдгъэзащ, республикэ бюджетым щыщу къытхуаутIыпщари къэдгъэсэбэпурэ, нэгъуэщI щIыпIэхэми апхуэдиз дыдэ щызэдгъэпэщыжащ. Администрацэхэм я заявкэхэм япкъ иткIэ, щIыпIэ 283-рэ дызэлэжьынухэм хэдгъэхьащ, инвестицэ программэм зэрыщыубзыхуам хуэдэу, муниципальнэ гъуэгуу километр мини 2-рэ 400-м я зэIузэпэщыныгъэм сом меларди 2,4-рэ къыщыдгъэсэбэпыну ди мурадщ.

Республикэм и щыхьэрым транспорт куэд щызэблокI. Абы къыхэкIыу къалэм къыпэзыкIухь «Кавказ» автомобиль гъуэгур уху эным къарушхуэ етхьэлIэну къытпэщытщ. Мы гъэм гъуэгухэм хухахауэ къэзгъэлъэгъуа сом зы мелардрэ мелуан 769-р зэщхьэщыхауэ Iуэхум хыдолъхьэ. ЩIыналъэ гъуэгухэм щыдгъэзэщIэну зыхуэдгъэувыжахэм я процент 57-м нэблагъэр зэфIэдгъэкIащ. Реконструкцэ щIыным, капитальнэу зэгъэпэщыжынымрэ къызэрыгуэкIыу кIэлъыплъынымрэ тещIыхьа программэм тету, километр 30-м щIигъум дел эжьащ, къиудахэмрэ кумблъэмбхэмрэ метр зэбгъузэнатIэ мин 50-м щыдгъэбыдэжащ.

Муниципальнэ гъуэгухэм зэрызаужьынум теухуауэ зэхэтлъхьа илъэситху планым гъэ къэс сом мелуан 300 нэхърэ мынэхъ мащIэ хухахынущ. Урысей Федерацэм и бюджетым къыхэкIыу, а Iуэхум папщIэ етIанэгъэ Налшык къалэм къыIэрыхьэнущ субсидиеу сом мелуани 107-рэ.

Гъуэгу хозяйствэр нэхъ IэнатIэ гугъу дыдэхэм ящыщщ. Апхуэдэу щытми, иужьрей зэманым абы къыщыхъу зэхъуэкIыныгъэхэм гу лъумыт энкIэ Iэмал иIэкъым. Гъуэгухэр зэрымыщIагъуэм хуэшхыдэхэр мащIэкъым. Абыхэм зыщагъэгъупщэ ахэр ухуэным, зехьэным, зэгъэпэщыжыным къарууэ, мылъкуу, зэману куэд дыдэ зэрытекIуадэр.

Республикэм и гъуэгу хозяйствэр комплексышхуэу зэхэтщ. Абы хохьэ псоми къагъэсэбэп автомобиль гъуэгухэри, инженер ухуэныгъэхэри, проектхэр зыгъэхьэзыр, гъуэгухэр зыухуэ, зэзыгъэпэщыж, зезыхьэ организацэхэри.

Ахэр зэуIуу, зэкъуэту зыунэтIыр зи IэщIагъэм хуэпэж, хуэIэижь, хуэфащэ щIэныгъэ зыбгъэдэлъ ди цIыху гуащIафIэхэрщ. ИпэжыпIэкIэ жыпIэ хъунущ республикэм и зыужьыныгъэм, и пщэдейм абыхэм хуэфащэ хэлъхьэныгъэ хуащIу. А псори къызэзыгъэпэщ ди гъуэгу хуэхэми, нэхъ щIалэхэр лэжьыгъэм хэзыгъэгъуазэ, Iуэхум тезыгъэгушхуэ ди ветеранхэми я махуэ лъапIэмкIэ сохъуэхъу. Си гуапэщ я щхьэкIи, я унагъуэкIи зэхуэузыншэу зыужьыныгъэм теухуа лэжьыгъэ щхьэпэ куэд я Iэдакъэм щIэкIыну.

СУНШ Ануарбий,
КъБР-м транспортымкIэ, связымрэ гъуэгу хозяйствэмкIэ и министр.



Къущхьэ Мухьэжид. *2008 гъэ*

● Ди нэхъыжьыфIхэр

СыткIи щапхъэ

Ди республикэм и зэфIэувэныгъэм зи гуащIэ куэд езыхьэлIахэм ящыщщ Къущхьэ Сэхьид и бынхэр. Сэхьид и къуэ нэхъыжь Кушыку партым и Тэрч райкомым и япэ секретару, иужькIэ КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм, Правительствэм я унафэщIу илъэс 16-кIэ лэжьащ. Гъумар партым и Бахъсэн райкомым и пашэу, КъБР-м мэз хозяйствэмкIэ и министру щытащ. Зэшыпхъухэу Замилэ, Зое, Женя сымэ зэфIэкI лъагэ къыщагъэлъэгъуащ сатум, егъэджэныгъэм, связым и IэнатIэхэм. Нэхъыжьхэм я щапхъэм ирикIуащ Сэхьид и къуэ нэхъыщIэ Мухьэжиди. «Къэббалъкъэлектросеть» производствэ зэгухьэныгъэм и унафэщIу илъэс куэдкIэ лэжьа Мухьэжид ящыщщ ди республикэм икIыу энергетик IэщIагъэм япэу хуеджа адыгэ щIалэхэм.

МУХЬЭЖИД 1933 гъэм Зеикъуэ къыщалъхуащ. Къуажэм дэт илъэсибл школыр къиуха нэужь, щIалэм и еджэным щыпищащ а лъэхъэнэм къызэIуахагъащIэ республикэ интернатым. Еджэным хуэнэхъуеиншэ щIалэр хущIэкъурт щIэныгъэ нэхъыщхьэ зригъэгъуэтыну. ГъащIэм хэзыщIыкI, абы и хабзэхэм фIыуэ щыгъуазэ и шынэхъыжьхэм я чэнджэщкIэ Мухьэжид къыхихауэ щытащ энергетик IэщIагъэр. Ар абы щыхуеджащ Зерноград дэт институтым.

Къущхьэ Мухьэжидрэ и щхьэгъусэ Лосэн Риммэрэ. *1978 гъэ*

Зауэ нэужь лъэхъэнэм ирихьэлIащ Къущхьэм и еджэныр. Дауи, тынштэкъым уи щIыналъэ уимысыжу, уи Iыхьлыхэм уапэIэщIэу илъэситхукIэ нэгъуэщI щIыпIэ ущеджэну. Ауэ гугъуехьхэмрэ лъэпощхьэпохэмрэ къапимыкIуэту, зи мурад зыIэрызыгъэхьэу еса щIалэр еш имыIэу еджащ. ЕджэнкIэ нэхъыфIхэм ящыщ Мухьэжид гу къылъамытэу къэнакъым. ЕтIуанэ курс нэужьым ар хахащ зыхэс гупым я комсомол ячейкэм и секретару. Апхуэдэу, еджэнми жылагъуэ лэжьыгъэми щыпэрыту, Къущхьэм институтыр къиухащ 1955 гъэм. Щалъхуа щIыпIэм къигъэзэжа нэужь, абы лэжьэн щыщIидзащ Саратов къалэм дэт проектнэ институтым Налшык щиIэ къудамэм.

Инженер-энергетик щIалэщIэм и зэфIэкIхэр иужькIэ къыщигъэсэбэпащ Iуащхьэмахуэ куейм и хозяйствэхэм. Iэщ зехуэным пыщIа лэжьыгъэ гугъухэр механизацэм хуэгъэкIуэным ар IэкIуэлъакIуэу елэжьащ. Лэжьыгъэм хуиIэ щытыкIэр, хэлъ жэуаплыныгъэр, еш имыIэу IэнатIэм щIэ гуэрхэр зэрыхилъхьэр къалъытэри, куэд дэмыкIыу Мухьэжид яшащ нэгъуэщI IэнатIэ. Ар ягъэуващ ЦIыхубэ хозяйствэр электрификацэ щIынымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр управленэм и инженер нэхъыжьу. Мыбдежми дзыхь къыхуащIа IэнатIэр езыгъэфIакIуэ IэщIагъэлIу зыкъыщигъэлъэгъуащ Къущхьэм. Абы къыхэкIыу ар и къулыкъукIэ драгъэкIуэтеящ: япэ щIыкIэ управленэм и къудамэхэм ящыщ зым и унафэщI хъуащ, иужькIэ IуэхущIапIэм и инженер нэхъыщхьэу, абы и унафэщIым и къуэдзэу ягъэуващ.

Iуэхум фIыуэ хэзыщIыкI IэщIагъэлIым и лэжьэкIэр куэдым я дежкIэ щапхъэ хъуат. И IэкIуэлъакIуагъэм, бгъэдэлъ щIэныгъэ куум ар тригъэгушхуэрт республикэм и зыужьыныгъэм и дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ, нэгъуэщIхэм зызрамыпщытыф Iуэху къиинхэм. Апхуэдэт Совет (иджы Шэрэдж) куейм щекIуэкIа электрификацэ лэжьыгъэхэр. ЩIыпIэм электростанцхэр щыухуэныр пщэрылъ зыхуащIа Къущхьэм зэман кIэщIым кърикIубыдэу икIи фIагъ ин бгъэдэлъу ахэр зэфIигъэкIат.

Псом хуэдэжтэкъым Мухол, Къэщкъэтау электростанцхэм я ухуэныгъэр. Бгылъэ щIыпIэм апхуэдэ станцхэр щыбгъэувыныр гугъуехьышхуэ зыпылъ Iуэхут, ауэ абыи ехъулIэныгъэкIэ пэлъэщащ Мухьэжид зи унафэщI гупыр. ИкIи и чэзум, къэралым къыхуигъэува пIалъэм фIэмыкIыу, станцхэм лэжьэн щIадзащ, къэдза жылэхэм уэздыгъэ нэхукIэ яхуэупсэу. А лэжьыгъэшхуэм папщIэ Къущхьэ Мухьэжид 1967 гъэм республикэм и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым къыбгъэдэкI ЩIыхь тхылъ къратауэ щытащ.

Бгъэдэлъ щIэныгъэм махуэ къэс хэзыгъахъуэ, ар IэнатIэм къыщызыгъэсэбэп лэжьакIуэ емызэшыр а лъэхъэнэм, IэнатIэм зэрыпэрытым хуэдэурэ, щоджэ ЦIыхубэ производствэм и унафэщIхэм я IэщIагъэм щыхагъахъуэу Свердловск къалэм дэт институтым. Абы и инженер курс нэхъыщхьэхэр ехъулIэныгъэкIэ къиуха нэужь, Мухьэжид зыпэрыт IэнатIэм щыхипщэу хуежьащ лэжьэкIэщIэм и мардэхэр. Ар я жэрдэмщIакIуэт энергетикэмрэ электрификацэмрэ епха Iуэху пэрыт куэдым. Дэтхэнэ и проектри республикэм и зыужьыныгъэмкIэ хэлъхьэныгъэшхуэт. Аращ Къущхьэр 1973 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр электросетым я тхьэмадэу щIагъэувари. Мухьэжид а къулыкъу лъагэр зэрихьащ илъэс куэдкIэ. А зэманым кърикIубыдэу абы и унафэм щIэту яухуащ станц, подстанц куэд. Къущхьэр зи пашэ зэгухьэныгъэм и лэжьыгъэфIыр мызэ-мытIэу щигъэлъэгъуащ Къэралпсо Гъэлъэгъуэныгъэм икIи абы щIыхь тхылъхэр, медалхэр къыхуагъэфэщащ.

Мухьэжид и ныбжьэгъухэр и гъусэу. *1970 гъэ*

Илъэс 50-м нэскIэ ехъулIэныгъэ иIэ зэпыту Къущхьэр щылэжьащ энергетикэ IэнатIэм. Абыхэм ящыщу илъэс 30-кIэ ар щытащ «Къэббалъкъэлектросеть» производствэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэу. И гуащIэдэкI хьэлэлым папщIэ абы къыфIащауэ щытащ СССР-м, УФ-м, КъБР-м щIыхь зиIэ я энергетик, «СССР-м энергетикэмрэ электрификацэмкIэ и отличник» цIэ лъапIэхэр, «ЩIыхьым и дамыгъэ», нэгъуэщI къэрал дамыгъэ куэди къыхуагъэфэщащ.

Нобэ Мухьэжид пенсэм щысщ, ауэ иджыри ар жыджэру хэтщ республикэм щекIуэкI гъащIэм. Ар Ветеранхэм я республикэ зэгухьэныгъэм и президиумым хэтщ. Апхуэдэу Мухьэжид жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэщ. Ар Къущхьэхэ я лъэпкъ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэщ.

Иджыблагъэ Къущхьэ Мухьэжид и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирикъуащ. Махуэшхуэр абы хуагъэлъэпIащ и бынунагъуэ дахэм, и благъэхэм, и ныбжьэгъухэм. НэхъыжьыфIым дэри дохъуэхъу иджыри куэдрэ узыншэу псэуну, и щIэблэ дахэм я насып хэплъэну.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

● Джэрпэджэж

ПцIы зэфэзэщ

Урысей Федерацэм и Президент Медведев Д. А. деж

ПщIэ зыхуэтщI Дмитрий Анатолий и къуэ!

Печатым зэрытетащи, Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутат Залиханов Михаил Чокка и къуэм Уэ 2008 гъэм фокIадэм и 16-м ныпхуигъэхьащ ди субъектым и унафэщIхэм пцIы щатрилъхьэ, лъабжьэ лъэпкъ имыIэу ахэр мыхъумыщIагъэ куэд ябгъэдэлъу зэригъэкъуаншэ телеграммэ. Абы итщ республикэм и унафэщIхэм лъэпкъ зэныкъуэкъуныгъэр щIэрыщIэу зэщIагъэстыжу икIи ар IэщэкIэ зэпэщIэувэным хуэкIуэнкIэ хъуну, иужьрей илъэсищым республикэм ис лъэпкъхэм я сэбэпым зыкIи емыхьэлIа политикэ ирагъэкIуэкIыу, Гундэлэн къуажэм деж лъэпкъитIыр щызэпэщIэувэныр зэщIагъэстауэ, нэгъуэщI Iэджи.

Зиусхьэн Залихановым и телеграммэм ит пцIым республикэм щыпсэу цIыхухэм ящыщ куэд, ахэр къызыхэкIа лъэпкъхэм емылъытауэ, зэгуигъэпащ, къигъэуIэбжьащ икIи игъэпIейтеящ. Телеграммэм зыри иткъым Iуэхум и щытыкIэ тэмэмыр къигъэлъагъуэу.

Залиханов М.Ч. зэрыщIэхъуэпсым хуэдэу, ди деж адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ щызэпэщIэткъым. Аращ Iуэхум и пэжыпIэр. Ауэ депутатыр езыр и щхьэкIэ кIуэуэ цIыхубэм, властым и лIыкIуэхэм ящIыгъуу Гундэлэн къуажэм деж щIыщызэныкъуэкъуам и щхьэусыгъуэхэр гупсэхуу икIи тэмакъкIыхьу зэхигъэкIыным и пIэкIэ, абы ди щIыналъэм щытыкIэр щызэIагъэхьэну хущIэкъу языныкъуэ цIыхухэм къыжраIа хъыбарыпцIыр къигъэсэбэпри, телеграммэхэр Уэри, къэрал властым и адрей унафэщI нэхъыщхьэ дыдэхэми, Урысейм и хабзэхъумэ органхэми ныфхуигъэхьащ. Уи фIэщ пщIыну гугъущ, ауэ ипэжыпIэкIэ депутат Залихановыр зыхущIэкъур фигъэжэкъуэну аращ. Мис аращ мы Iуэхум нэхъ узыгъэпIейтейуэ хэлъыр.

Псалъэмакъым лъабжьэ хуэхъуа зэныкъуэкъур зэрызэхагъэкIрэ куэд щIащ. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, Залиханов М. Ч. и телеграммэхэм экстремист гуп щхьэхуэхэм я гур къызэригъэгъуэтыжащ икIи абыхэм я щхьэр нэхъри нэхъ жыджэру къаIэтыну хущIэкъункIэ хъунущ адыгэ, балъкъэр лъэпкъхэм яку дэлъ зэкъуэшыгъэр къызэпаудын папщIэ.

Гундэлэн къуажэм деж къыщыхъуа зэныкъуэкъур, гъэбэгъуауэ, зэхьэкIауэ кърагъэкIуэкI псалъэмакъхэр хэбдзыжмэ, зиусхьэн Залиханов М. Ч. хуейми хуэмейми, зытеухуар мыращ: къуажэм щыщу хьэгъапхъэхэм хагъэлъэда цIыху гупым (ди жагъуэ зэрыхъущи, абыхэм цIыхубз, сабий зыбжани яхэту) мурад ящIащ кърым-тэтэр зэрыпхъуакIуэхэр щызэхакъута Къэнжал зауэр илъэс 300 зэрырикъум, Абхъазымрэ Осетие Ипщэмрэ я суверенитетыр Урысейм къызэрилъытам и щIыхькIэ зекIуэ ежьа шу гупыр езыхэм я къуажэмкIэ дамыгъэкIыну. Апхуэдэ мыхъумыщIагъэ къамыгъэхъун папщIэ, къэрал властым и органхэм я лIыкIуэхэр, депутатхэр, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Iуащхьэмахуэ районым, езы къуажэм я жылагъуэ, политикэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр хэту гъуэгур зэхуэзыщIахэм епсэлъащ. ЕмыпIэщIэкIыу, шыIэныгъэ яхэлъу цIыхухэм гурагъэIуащ абыхэм ялэжьхэмрэ къагъэувхэмрэ къызэремызэгъыр. Мыдрейхэри абыкIэ акъылэгъу хъури, зэпэщIэтыныгъэр иухащ.

А псоми япкъ иткIэ сэ къызолъытэ, КъБР-м и Президент Къанокъуэ А.Б. пэщIэт оппозицэр зыунэтI Залиханов М.Ч., депутатым и полномочиехэр къигъэсэбэпурэ, куэд щIауэ республикэм и Iэтащхьэм ткIийуэ пэувауэ къызэрекIуэкIыр, ар лъабжьэ лъэпкъ имыIэу мыхъумыщIагъэ куэдкIэ зэригъэкъуаншэр, уеблэмэ зэригъэпудыр Уи деж нэзгъэсын хуейуэ. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, нэхъыщхьэр зиусхьэн Залихановыр оппозицэм зэрыхэтыркъым, атIэ абы иужьрей илъэсхэм зэхищIыхьхэр хабзэм къызэремызэгъырщ, зэраныгъэ къызэрахьырщ.

Уи жагъуэ мыхъупIэр иIэкъым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цIэкIэ Урысейм и Къэрал Думэм хэт зиусхьэн Залихановым иужьрей илъэсищым кърикIубыдэу КъБР-м и Президент Къанокъуэ А.Б. и унафэм щIэту республикэм къихьа социально-экономикэ ехъулIэныгъэхэр зэримылъагъур. Абыхэм ар зыкIи хуейкъым. Ар куэд щIауэ зыхуей псори игъуэту Москва дэсщ, къызэрыгуэкI цIыхухэм я псэукIэм хищIыкIыжыркъым, хэхакIуэхэм яIущIэркъым икIи иригъэкIуэкI лэжьыгъэм теухуауэ абыхэм я пащхьэ отчет щищIыркъым.

Сэ шэч лъэпкъ къытезмыхьэжу схужыIэнущ Залиханов М.Ч. зэхищIыхьхэр республикэм исхэр мамыру псэунымкIэ зэран зэрыхъур. Мы псори сэ си Iуэху еплъыкIэу аращ. Ауэ си фIэщ мэхъу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм я нэхъыбапIэр, ахэр зыщыщ лъэпкъхэм емылъытауэ, апхуэдэу зэрегупсысым. Мы си тхыгъэм хуэфащэ гулъытэ игъуэтыну сыщогугъ.

ПщIэ зыхуэсщI Президент!

Хуит сыкъэщI мы тхыгъэр къэзгъэсэбэпу Урысейм и лъэпкъ псоми я сэбэп зыхэлъ къэрал, политикэ лэжьыгъэм жыджэру пыпщэну сынохъуэхъуну. Апхуэдэу фIыщIэ ин пхузощI Куржым зэтриукIэну щыхуежьам щыгъуэ Осетие Ипщэм и лъэпкъым акъылыфIагъэрэ тегушхуэныгъэрэ пхэлъу укъызэрыщхьэщыжам, Абхъазымрэ Осетие Ипщэмрэ зыми IэщIэмылъ къэрал щхьэхуиту зэрыщытыр къызэрыплъытам папщIэ.

ПщIэ къыпхуэзыщI
ГУЭБЭЩIЫКI Жантемыр,
Урысейм щIыхь зиIэ и экономист.

Хабзэм къемызэгъыу яхъумэ Iэщэр, абыхэм иралъхьэ шэхэр, къагъауэ пкъыгъуэхэр, лагъымхэр, нэгъуэщI Iэщэ-фащэ лIэужьыгъуэхэр хэгъэзыхь щымыIэу цIыхухэм пщIэкIэ къеIыхыным теухуа «Iэщэ» лэжьыгъэр егъэкIуэкIыным и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2008 гъэм жэпуэгъуэм и 14-м **№226-ПП**

Хабзэм къемызэгъыу Iэщэр, абыхэм иралъхьэ шэхэр, къагъауэ пкъыгъуэхэр щызэблагъэкI къэмыгъэхъун, хабзэм къемызэгъыу яхъумэ Iэщэр, абыхэм иралъхьэ шэхэр, къагъауэ пкъыгъуэхэр, лагъымхэр, нэгъуэщI Iэщэ-фащэ лIэужьыгъуэхэр къыщIэгъэщынымрэ къеIыхынымрэ хуэунэтIа лэжьыгъэр егъэфIэкIуэн мурадкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI**:

1. Хабзэм къемызэгъыу яхъумэ Iэщэр, абыхэм иралъхьэ шэхэр, къагъауэ пкъыгъуэхэр, лагъымхэр, нэгъуэщI Iэщэ-фащэ лIэужьыгъуэхэр хэгъэзыхь щымыIэу цIыхухэм пщIэкIэ къеIыхыным теухуа «Iэщэ» лэжьыгъэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щегъэкIуэкIын 2008 гъэм жэпуэгъуэм и 15-м щыщIэдзауэ щэкIуэгъуэм и 15-м нэсыху.

2. Хэгъэзыхь щымыIэу ят Iэщэм, абыхэм иралъхьэ шэхэм, къагъауэ пкъыгъуэхэм, лагъымхэм, нэгъуэщI Iэщэ-фащэ лIэужьыгъуэхэм япэкIуэ уасэхэр гъэувын мы унафэм и гуэдзэным къызэрыщыгъэлъэгъуам хуэдэу.

3. Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министерствэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм (Томчак Ю. И.) чэнджэщ етын:

хабзэм къемызэгъыу яхъумэ Iэщэр, абыхэм иралъхьэ шэхэр, къагъауэ пкъыгъуэхэр, лагъымхэр, нэгъуэщI Iэщэ-фащэ лIэужьыгъуэхэр ятын зэрыхуейр, а Iуэхур зэрекIуэкI хабзэмрэ абы пыщIа хэмрэ цIыхухэм ягурыгъэIуэным хуэунэтIа лэжьыгъэр нэхъ жыджэру къызэригъэпэщыну икIи хабзэм къемызэгъыу яхъумэ Iэщэр, абыхэм иралъхьэ шэхэр, къагъауэ пкъыгъуэхэр, лагъымхэр, нэгъуэщI Iэщэ-фащэ лIэужьыгъуэхэр хэгъэзыхь щымыIэу зыта цIыхухэм уголовнэ жэуап зэрамыхьым, апхуэдэхэм я цIэхэр хэлъущIыIу зэрамыщIым теухуауэ законодательствэм къыщыгъэлъэгъуа Iуэхум гулъытэ хэха а лэжьыгъэм щыхуищIыну;

хабзэм къемызэгъыу яхъумэ Iэщэр, абыхэм иралъхьэ шэхэр, къагъауэ пкъыгъуэхэр, лагъымхэр, нэгъуэщI Iэщэ-фащэ лIэужьыгъуэхэр цIыхухэм къеIыхыныр, апхуэдэу абыхэм я цIэхэр хэлъущIыIу мыхъуныр къызэригъэпэщыну, иджырей законодательствэм къигъэувхэм ткIийуэ тету, уголовнэ жэуапым цIыхухэр емышэлIэным, къата Iэщэ-фащэм пэкIуэ уасэр етыным япыщIа Iуэхухэр зэщIэгъэуIуауэ дигъэкIыну.

4. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ФинансхэмкIэ и министерствэм (Бышэн А.А.) хуэгъэувын:

хабзэм къемызэгъыу яхъумэ Iэщэр, абыхэм иралъхьэ шэхэр, къагъауэ пкъыгъуэхэр, лагъымхэр, нэгъуэщI Iэщэ-фащэ лIэужьыгъуэхэр хэгъэзыхь щымыIэу зыта цIыхухэм ялъыс ахъшэр 2008 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и «Лъэпкъ шынагъуэншагъэмрэ хабзэхъумэ лэжьыгъэмрэ» разделым «къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ органхэр» и раздел къуэдзэм хухахам къыхигъэкIыну;

хэгъэзыхь щымыIэу Iэщэр, абы иралъхьэ шэхэр, къагъауэ пкъыгъуэхэр, лагъымхэр, нэгъуэщI Iэщэ-фащэ лIэужьыгъуэхэр зыта цIыхухэм папщIэ, ахъшэ Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министерствэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм хухихыну;

хабзэм къемызэгъыу яхъумэ Iэщэр, абыхэм иралъхьэ шэхэр, къагъауэ пкъыгъуэхэр, лагъымхэр, нэгъуэщI Iэщэ-фащэ лIэужьыгъуэхэр хэгъэзыхь щымыIэу зыта дэтхэнэ зы цIыхуми хуэзэу ират уасэр сом мини 8,0-м щIигъу зэрымыхъунур игъэувыну;

цIыхухэм ялъыс ахъшэр абыхэм кредит IуэхущIапIэхэм къыщызэIуаха лицевой счетхэм зэрыралъхьэр е федеральнэ пощт связым и IуэхущIапIэхэр къагъэсэбэпурэ зэрыхуагъэхьыр икIи апхуэдэм деж пощтым и Iуэхутхьэбзэхэм я уасэр зэрыхагъэкIыжыр игъэувыну. Ахъшэр ятынымкIэ тегъэщIапIэу къэлъытэн къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ щIыналъэ органу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэхэм Iэщэ къызэрыIахамкIэ хабзэхэм тету ятха актхэмрэ къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министру Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм ахъшэр зыхуэфащэхэм етыным теухуауэ къыдигъэкIа унафэмрэ.

5. Къару имыIэжу къэлъытэн «Хабзэм къемызэгъыу яхъумэ Iэщэр, абыхэм иралъхьэ шэхэр, къагъауэ пкъыгъуэхэр, лагъымхэр, нэгъуэщI Iэщэ-фащэ лIэужьыгъуэхэр хэгъэзыхь щымыIэу цIыхухэм пщIэкIэ къеIыхыным теухуа «Iэщэ» лэжьыгъэр егъэкIуэкIыным и IуэхукIэ» 2008 гъэм гъатхэпэм и 26-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм къыдигъэкIа унафэ №50-ПП-м.

6. Мы унафэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъыну и пщэ илъхьэн къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министру Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ Томчак Ю.И.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщI ЯРИН Андрей

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2008 гъэм жэпуэгъуэм и 14-м къыдигъэкIа Унафэ №226-ПП-мкIэ къищтащ

Iэщэр, абыхэм иралъхьэ шэхэр, къагъауэ пкъыгъуэхэр, лагъымхэр, нэгъуэщI Iэщэ-фащэ лIэужьыгъуэхэр хэгъэзыхь щымыIэу тыным пэкIуэ ахъшэр зыхуэдизыр

№№	Iэщэм, абыхэм иралъхьэ шэхэм, къагъауэ пкъыгъуэхэм зэреджэр	Ахъшэу иратыр сом
1.	Пистолетымрэ кIэрахъуэмрэ	4000
2.	Автоматым	4800
3.	Пулеметым	5600
4.	Фочым щIагъэувэ ГП-25, ГП-30 гранатэлдзэхэм	6400
5.	РПГ-7, 7В, 27 гранатэлдзэхэм	8000
6.	Зэ фIэкI ямыгъауэ РПГ-18, 22, 26, 27 гранатэлдзэхэм	7200
7.	СВД фочым	5600
8.	Пистолетым-пулеметым	4800
9.	ЩакIуэ карабиным	4000
10.	ЩакIуэ фочым	2400
11.	Газ пистолетхэм, кIэрахъуэхэм	800
12.	Пистолет, кIэрахъуэ IэрыщIхэм	4000
13.	Къагъауэ пкъыгъуэм (тротилым, аммонитым, гексогеным, нэгъуэщIхэм), зы граммым	3
14.	Лагъымым (ВВ, СВ пкъыгъуэхэри хэту)	2400
15.	Къызэрагъауэ Iэмэпсымэхэм (электродетонаторым, капсюлым-детонаторым, къызэрагъауэ Iэмэпсымэм - зым хуэзэу, мафIэ, электричествэ зэрыкIуэ кIапсэхэм - зы метрым хуэзэу) зым папщIэ	80
16.	Танкхэр зэракъутэ ракетэ	4000
17.	РПО-А мафIэлдзым	4800
18.	Гранатэлдзым и шэм (ВОГ-30, 25, 25П)	2400
19.	Гранатым (Ф-1, РГО, РГН, РКГ-3ЕМ, РГ-42)	1600
20.	Инженер лагъымым (сапер лагъымым)	800
21.	Фочышэ зэмылIэужьыгъуэхэм, зым хуэзэу	8

Мамырыгъэр лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм къыщожьэ

«Гу къабзэхэр» щIалэгъуалэ цIыхубэ зэгухьэныгъэм мы лъэхъэнэм ирегъэкIуэкI ди республикэм щыпсэу лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэр гъэбыдэным теухуа Iуэхугъуэ щхьэпэхэр.

АДЫГЭХЭМРЭ балъкъэрхэмрэ я зэкъуэтыныгъэм къыхуезыджэ футболкэ дахэхэр я мылъкукIэ ирагъэдри, лъэпкъитIри игъащIэ лъандэрэ щызэхэс жылагъуэхэм щыпсэу щIалэгъуалэм хуагуэшащ. «А Iуэхум цIыхур апхуэдизу щыгуфIыкIащи, фIыщIэ псалъэкIэ ноби-ныжэби зыкъытхуагъазэ. Псом хуэмыдэжу ди Iуэхур къыддаIыгъащ адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ яфIэфIу щызэрыша унагъуэхэм ис нэхъыжьхэм», - жеIэ цIыхубэ организацэм и лэжьыгъэм жыджэру хэт Къарэ Ратмир.

«Гу къабзэхэм» лъэпкъ зэныбжьэгъуныгъэм теухуа плакатышхуэ мыгувэу къыдагъэкIынущ. Абы итынущ адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ я лъэпкъ литературэм мыкIуэдыжын хэлъхьэныгъэ хуэзыщIа КIыщокъуэ Алимрэ Кулиев Къайсынрэ я сурэтхэр. Плакатхэр гъэхьэзырыным теухуа дизайн лэжьыгъэхэмкIэ республикэпсо зэхьэзэхуэ ирагъэкIуэкIынущ. Апхуэдэу 2009 гъэм къыдагъэкIыну я мурадщ лъэпкъитIми щыщу ди республикэм и зыужьыныгъэм жыджэру хэта, зи гуащIэдэкIкIэ бэр зыгъэгушхуа цIыху цIэрыIуэхэм ятеухуа махуэгъэпс гъэщIэрэщIахэр. Ахэр къалэдэсхэми къуажэдэсхэми хуагуэшынущ.

ЛЪОСТЭН Музэ.

Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэ лагъым

Налшык дэт 32-нэ курыт школым и еджакIуэхэр жэпуэгъуэм и 16-м зэбграутIыпщыкIыжын хуей хъуащ.

АБЫ ЩХЬЭУСЫГЪУЭ хуэхъуащ еджапIэм и гъунэгъуу къыщагъуэта лагъымыр. Хэку зауэшхуэм и зэманым танк зэракъутэу щыта, мм 100 калибрыр зиIэ лагъымым гу лъызытар щIыпIэм щылажьэ «Налшык электросетхэр» ОАО-м и IэщIагъэлIхэрщ. ЗанщIэу ираджащ къегъэлакIуэхэмрэ хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм я лIыкIуэхэмрэ. ПсынщIэ дыдэу сабийхэр школым къыщIашащ, гъунэгъуу щыт унэхэм щыпсэухэм елъэIуащ я фэтэрхэм щIэкIыну. Лагъымыр къыщагъуэта щIыпIэр къаухъуреихьащ къалэ УВД-ми лэжьакIуэхэм.

Граждан зыхъумэжыныгъэмкIэ, КъызэрымыкIуэ щытыкIэхэмрэ мафIэс шынагъуэншагъэмкIэ Налшык къалэ центрым и унафэщI Гъэунэ Роберт къызэрыджиIамкIэ, къегъэлакIуэхэм лагъымыр щIым къыщIахащ. ЗыхъумэжыныгъэмкIэ министерствэм и сапер мы Iуэхум ираджахэм, лагъымыр дзэ полигоным яшащ, иужькIэ шынагъуэншэу къагъэуэн папщIэ.

КУБАДИЕВЭ Нуржан.

Зэи ящымыгъупщэн

2005 гъэм жэпуэгъуэм и 13-м бзаджащIэхэр зытеуа къалащхьэм и хабзэхъумэ IэнатIэхэм ящыщщ Урысей УФСИН-м и IуэхущIапIэу КъБР-м щыIэр. Абы щыгъуэм УФСИН-м и лэжьакIуэу тху хэкIуэдауэ щытащ.

НОБЭМИ ящымыгъупщэ гуауэр къызэрыхъурэ илъэсищ щрикъум, Тезырхэр щрахьэкI Къэбэрдей-Балъкъэр управленэм псапащIэ Iуэху иригъэкIуэкIащ, абы и унафэщI Абыдэ Ахьмэд и жэрдэмкIэ.

Республикэ Сабий унэм зыщIагъэкъуащ гигиенэ хьэпшыпхэмкIэ. Зи узыншагъэм сэкъат иIэ сабийхэм я Унэ-интернату Налшык дэтым щыIэхэм ерыскъыхэкIхэр хуашащ.

Апхуэдэу, УФСИН-м и лэжьакIуэхэр щыIащ республикэм и мамыр псэукIэм зи гъащIэр щIэзытахэм я унагъуэхэми.

ЗЭБАР Мадинэ,
Урысей УФСИН-м и управленэу КъБР-м щыIэм и пресс-IуэхущIапIэм и лэжьакIуэ.

● Унагъуэм и илъэс

Дахагъэмрэ зэгурыIуэмрэ я пщалъэ

НасыпкIэ дызэджэр цIыхухэм къазэрыгурыIуэр, зэрызыхащIэр зэхуэмыдэущ. Зым дежкIэ ар фIыуэ илъагъу IэщIагъэрщ, абы ирилэжьэнырщ, нэгъуэщIым насыпыр зыхилъагъуэр мылъкурщ, ещанэм дежкIэ - узыншагъэщ... Ауэ, дауэ уегупсысми, уи жьы хъугъуэм деж нэхъ насып ин дыдэр уи быным я фIыгъуэр арагъэнщ.

ИУЖЬРЕЙМ хуэдэ насыпыр я куэдщ Тэрч районым хыхьэ Инарыкъуей къуажэм щыпсэу Шыдакъхэ я унагъуэм. Зэщхьэгъусэхэу Абузеррэ Майерэ мы гъэм я гуфIэгъуэр тIуащIэ, щащIэ хъуауэ жыпIэкIэ егъэлея хъунукъым. Ахэр зэрызэдэпсэурэ илъэс 50 ирикъуащ, Абузер илъэс 80, Майе илъэс 70 щыхъуа махуэхэри 2008 гъэм хеубыдэ.

Зэщхьэгъусэхэм бынибл - щIалиплIрэ хъыджэбзищрэ - зэдапIащ, ирагъэджащ, унагъуэу ягъэтIысыжащ. Зыр зым нэхърэ нэхъыфIыжу, нэхъ унагъуэ дахэу псэу зэдэлъхузэшыпхъухэр нэ фыгъуэ зытрамыгъаплъэм хуэдэщ, абыхэм я адэ-анэрещи, къуэрылъху-пхъурылъху 15 зиIэ нэхъыжь Iумахуэхэщ.

Шыдакъхэ я унагъуэм зэгурыIуэныгъэрэ адыгагъэ лъагэрэ зэрилъыр дэтхэнэ зы инарыкъуейдэсми къыбжиIэфынущ. Къуажэм пщIэ зыхуащI, щапхъэ зытрах зы унагъуэ дэсмэ, Шыдакъхэ етIуанэщ.

- Си тхьэмадэмрэ гуащэмрэ муслъымэныгъэ зэрахьэу, я бынхэр нэхъыжьхэм фIэлIыкIыу ягъасэу илъэс 50 хъуауэ зэдопсэу, - къытхуеIуатэ Шыдакъхэ я нысэ Нинэ. - Дэ абыхэм дыкъызэралъытэр нысэукъым, атIэ япхъухэм зэрахущыт дыдэм хуэдэу къыдбгъэдэтщ. Ди нэхъыжьыфIхэм я чэнджэщым дедаIуэу, абыхэм ямыщIэу зы Iуэхуи дызэрыхэмыхьэнум дыхущIэкъуу дыкъызэрекIуэкIым дифI фIэкIа ди Iей лъэпкъ зэи къыхэкIакъым. Унагъуэ узыншэкIэ узэджэнур зэгурыIуэрэ зэдэIуэжрэ зэрылърауэ зэрыщытыр дэ псоми къыдгурыIуэ, ди къулеягъ нэхъыщхьэри зыхэтлъагъуэр аращ.

Колхозым илъэс куэдкIэ я къару емыблэжу щылэжьа зэщхьэгъусэхэр лэжьыгъэм и ветеранщ, я гуащIэм къыпэкIуэу къыхуагъэфэща дамыгъэ, орден зыбжани яIэщ. Ауэ аракъым ахэр зэрыгушхуэр: быи дахэ, лъагъуэ нэпцI техьа яхэмыту, зэрагъэсэфарщ. ЛъапIэныгъэу щыIэм я нэхъыфIщ Абузеррэ Майерэ нобэ зыхэпсэукIыр. Абыхэм я жьауэм щIэтщ я бынхэмрэ я къуэрылъху-пхъурылъхухэмрэ.

ЩIэблэм нэхъыжьхэм я щапхъэр гъуазэ яхуэхъуу, нэхъыщIэхэм я гуфIэгъуэм зэщхьэгъусэхэр игъэину куэдрэ зэдэпсэуну Тхьэм жиIэ!

КIУЭКIУЭ ХьэIишэт.

И гуащIэри, и Iуэхури инт

Ар лIы бжьыфIэт, зэкIужт, зэрыугъурлыр къыбжиIэу, зэпIэзэрытт. ГъащIэм къыхихауэ акъыл жанрэ гупсысэ узыншэрэ иIэт, цIыху угъэкIи хабзэкIи ху эдэ уигъэлъыхъ уэнт.

Фэеплъ

ХЬЭЛ-ЩЭН дах э хэлъу, щэныфIэу, Iэдэбу дунейм тетащ Арщыдан къуажэм къыщалъхуа, щапIа, зи гъащIэ псор зыбгъэдэта IэнатIэм сэбэп щыхъунымрэ унагъуэм зэIузэпэщыгъэ илъынымрэ теухуа Жыгун Хьэту Лилэ и къуэр. КъызыхэкIа лъэпкъми, къыщыхъуа жылэжьми, и ныбжьэгъухэми иджыблагъэ яIэщIэкIащ а цIыху щыпкъэр…

И гум дыхьэу, и псэм фIэфIу зэгуэр къыхиха IэщIагъэм цIыхур егъэин, егъэлъапIэ. А лъапIэныгъэр абы щыдалъагъу зэпытщ и Iуэху бгъэдыхьэкIэми, и гуп хэтыкIэми икIи зэпымыууэ мы гъащIэм гъусэ пэжу къыщыдокIуэкI.

Жыгун Хьэту ящыщщ лъэхъэнэ гугъум халъхуахэм - зи сабиигъуэр Хэку зауэшхуэм хиубыдахэм, абы и ужь зэман хьэлъэр зи нэгу щIэкIахэм. ЩIалэ цIыкIур жыджэрт, ерыщт, щIэныгъэм и насып зэрыхэлъым и нэщэнэу, едж эным ху энэхъуеиншэт, фэтыджэн уэздыгъэкIэ жэщыбг хъуху тхылъым пэрысыфынут…

ЗэманыфI дэкIащ абы лъандэрэ, ди къурш щхьэ тхъуахэр зи къежьапIэ псы Iэлхэми гупсысэ Iэджи здрахьэхащ. А илъэсхэм щегъэжьауэ и псэр пытыху мы гъащIэм къалэн щхьэпэ щызыгъэщIэну къызыпэщыт Хьэту и зэфIэкI еблэжакъым, къызыхэкIа лъэпкъым и цIэфI жригъэIащ, и щхьэм хуэфащэ щытхъуи къилэжьыжащ. Ар ящыщщ и IуэхущIафэ, и дуней тетыкIэ дахэкIэ зи увыпIэ лъагэ зыубыдыжахэм.

И ныбжьым емылъытауэ, балигъынэкIэ гъащIэм пхыплъыф, абы нэхъыщхьэу хэлъыр псынщIэу къэзыпхъуэтэф щIалэр юрист IэщIагъэм тезыгъэгушхуар езыр и щхьэкIэ зыхуэза Iуэху мыщхьэпэрщ.

«Лажьэ симыIэу пцIы къыскIэралъхьат. Пэжыр зэ хэкIыу псори зэIубз хъужами, си гур псэхуртэкъым. Захуагъэм тету дыпсэун зэрыхуейр зэпымыууэ си щхьэм илъти, сытегушхуэри Краснодар къалэм дэт Кубань къэрал университетым и юридическэ факультетым сыщIэтIысхьащ», - къыджиIэгъат Хьэту и ныбжьыр илъэс 70 щрикъум ирихьэлIэу зыщыхуэдгъэзам.

Абы щеджэну щIэхъуэпсхэр куэд хъурт, зы цIыху м и пIэм зыбжанэ итт. Арами, фIы дыдэу экзаменхэр зэфIигъэкIри, и мурадыр зригъэхъулIащ. КъиухыхункIи щапхъэу щытащ, еджэнкIэ нэгъуэщIхэр зытригъэкIуакъым. 1967 гъэм дипломыр иIыгъыу къигъэзэжа нэужь, Бахъсэн район прокуратурэм илъэсищкIэ щыIауэ Ленинград ягъакIуэри, следствием и лэжьакIуэхэм я щIэныгъэм щыхагъахъуэ международнэ институтым мазихкIэ щеджащ. Курсхэр диплом плъыжькIэ къеух, къегъэзэжри Налшык къалэ прокуратурэм следователь нэхъыжьу илъэсихкIэ щолажьэ.

«Жыгун Хьэту си дежкIэ ныбжьэгъу пэж къудейтэкъым, атIэ си ущиякIуэт. Дон Iут Ростов сыщеджэу сыкъэкIуэжа нэужь, япэ дыдэу лэжьэн щыщIэздзар абы и дежщ. Ар Iуэхум хуэIэижь хъуати, си дежкIэ щапхъэфIт. Езыри гугъэзагъэу къыздэIэпыкъуурт, псоми куууэ сыхигъэгъуазэрт, - жеIэ КъБР-м и Парламентым Законхэр убзыхунымкIэ, къэрал ухуэныгъэмрэ щIыпIэ самоуправленэм и Iуэхухэмкiэ и комитетым и унафэщI Абазэ Руслан. - ЮстицэмкIэ министерствэм щыщыIами, республикэм и уэчылхэм я Iуэхур щызэрихьа илъэсхэми зы махуэ къэмынэу дызэрыщIащ. У эчылыр цIыху псэ къабзэу, щIэныгъэшхуэ зыбгъэдэлъу щытын хуейщ. Жыгуным деж а псор щытлъагъурт».

КъБАССР-м ЮстицэмкIэ и министерствэм илъэси 2-м нэблагъэкIэ щыIауэ 1978 гъэм и дыгъэгъазэ мазэм Налшык адвокатурэм и унафэщIу ягъакIуэ, илъэс 14 докIри, уэчылхэм я республикэ коллегием и тхьэмадэу хах. А зэманым наIуэ къохъу Хьэту и зэфIэкIыр, бгъэдэлъ цIыхугъэшхуэмрэ гущIэгъу инымрэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Уэчыл палатэм и президенту лэжьэну Жыгуным къыхуиухар илъэси 6 къ удейт. А IэнатIэм и гугъу щищIкIэ, абы иригушхуэу къыхигъэщырт «Уэчыл лэжьыгъэмрэ адвокатурэмрэ я IуэхукIэ» 2002 гъэм накъыгъэм и 31-м къару зыгъуэта законым ефIэкIыныгъэшхуэ зэриIэр.

«КъБР-м и Уэчыл палатэр зи хуитыныгъэкIи, зи зэфIэкIкIи къаруушхуэ зыбгъэдэлъ IуэхущIапIэщ. ЗаконыщIэм и фIыгъэкIэ, ди лэжьыгъэм зэхъуэкIыныгъэ нэрылъагъухэр игъуэтащ. Къапщтэмэ, уэчылхэм я бжыгъэм хэпщIыкIыу хэхъуащ, абыхэм я коллегиеу 8, я къудамэу 5, юридическэ бюроуэ 2 къызэдгъэпэщащ, щхьэху эу лажьэу, ауэ палатэм и жьауэм щIэту уэчылхэм я пэшу 45-рэ къызэIутхащ. Республикэм зы къали районы иткъым уэчылхэм Iу эхущIапIэ х эха щамыIэу. СудыщIэхэми следствиер езыгъэкIуэкIхэми щыхуей дыдэм ди лэжьакIуэхэр ягъуэт», - къыхигъэщыгъат нэхъыжьыфIым и псалъэхэм.

«Жыгун Хьэту къыдекIуэкIа хьэлщэн дахэм, хабзэ хьэлэмэтым пщIэ лей хуумыщIынкIэ Iэмал иIэкъым. ЗымащIэкIэ фIэкIа ар зымыцIыху ахэми абы гу лъатэрт. Лэ жьыгъэмрэ цIыхугъэ лъагэмрэ щызэгъусэм деж Iуэхур докI. Хьэту и мурадхэр къехъулIэу, и псалъэхэр яфIэлъапIэу щIыщытар и гу къабзагъэрт, зэрыгущIэгъулырт, нэгъу эщIхэм защIэгъэкъуэным дапщэщи и псэр зэрет арт. Къулейт ар псэкIи ныбжьэгъукIи. ЗэрысцIыхурэ и щIэныгъэ куури, и Iущагъри зыхуэгъэзар фIы ищIэнрати, Тхьэм гъэбэгъуау э къритыжырт. Пэжагъэр япэ изыгъэщ цIыхут ар, бзэ IэфIт, къызэгъэпэщакIуэ Iэзэт. Респуб ликэм и уэчыл IэнатIэр лъэ быдэкIэ зэрыувар зи фIыщIэр Хьэтущ жысIэмэ, пцIыупс сыхъуну къыщIэкIынкъым. Къэтщтэнщи, щыщIэныгъэ куэд хэлъщ ди гъащIэм. Мис ахэр зэригъэмэщIэным, цIыхухэм я сэбэп зыхэлъхэр пхыгъэкIыным и къарури и зэфIэкIри ирихьэлIэрт.

Си гуапэу къыхэзгъэщыну сыхуейт ди палат эр Урысей Федерацэм щынэхъыфIу къызэралъытар. Ар къарикIуащ судхэми прокуратурэми хабзэм ткIийуэ дытету дазэрыдэлажьэм. Ди деж уэчылым и къалэныр пэрыуэншэу щегъэзащIэ. А псоми я унэтIакIуэр Хьэтут», - жеIэ КъБР-м и Уэчыл палатэм и президент Евгъэжыкъуэ Хьэбас.

Жыгуныр республикэм пщIэшхуэ щызиIэ, сыт хуэдэ пщэрылъми жэуаплыныгъэ ин хэлъу бгъэдыхьэ, зи псалъэм щIэдэIу, зи жыIэр пхыкI IэщIагъэлI нэст. Ар жыджэру хэ тащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президентым деж жылагъуэ институтхэм зыщегъэуужьыным и Iуэхумрэ цIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ щыIэ комиссэм, УФ-м и Уэчылхэм я федерал палатэм профессионал, социальнэ лэжьыгъэхэмкIэ и комиссэм, ЮФО-м и Уэчыл палатэ хэм я Ассоциацэм и Советым, КъБР-м и Президентым деж щыIэ Жылагъуэ-чэнджэщэгъу советым. Абы щIыпIэ куэдым къэпщыт эныгъэ хэр щригъэкIуэкIырт, аналитикэ тхыгъэхэр игъэхьэзырырт. Ахэр теухуат медицинэм, милицэм, зи суд ящIэхэм, тезырхэр зрагъэпшыныжхэм. Хьэту и Iуэху еплъыкIэхэр щыубзыхуа тхыгъэ зэмылIэужьыгъу эх эр Урысей Федерацэм ЮстицэмкIэ и министерствэм ягъэхьырт, щызэпкърахырт.

«КъБР-м и Президентым деж Жылагъуэ институтхэм зыщегъэужьыным и Iуэхумрэ цIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ щыIэ комиссэм мыхьэнэ хэха зиIэ пщэрылъ егъэзащIэ. Ар къызэрызэрагъэпэщ лъандэрэ Жыгуным гуапагъэ куэд дэслъэгъуащ. Лэжьыгъэ хэкIэ и къалэн нэхъыщхьэм къыдэкIуэу абы хузэфIэкIахэм урымыгушхуэнкIэ Iэмал иIэкъым. Гу щIэгъуушхуэ хэлът, цIыху пэжт. Апхуэдизк Iэ гу къабзэти, зиуэ иухьа Iуэхур зэфIимыгъэкIауэ етIысэхынутэкъым. Куэд пщэрылъ къысщывощI жиIэу зымащIэкIи тхьэусыхэртэкъым, уеблэмэ цIыхухэм, республикэм яхуищIэр фIэмащIэу апхуэдэт. ЩIэныгъэ куу зиIэ юрис тти, мо гъащIэм и пIалъэ зыщIэм куэд дыдэм гу лъитэр т, ехьэкI хэмылъу ахэр утыку крилъхьэрт, зэхигъэкIырт. Зи унафэщI гупым пщIэшхуэ къыхуащIырт. Ар езы Хьэту и Iуэху зехьэкIэ дахэкIэ, и цIыху хэтыкIэкIэ, и гулъытэкIэ къилэжьыжащ.

Нобэ къытхэмытыж ныбжьэгъуфIым лъэужь дахэ, угъурлы мы гъащIэм щыпхишащи, ар нэхъыщIэхэм гъуазэ зэрахуэхъунум шэч гуэри къытесхьэркъым», - къыхегъэщ а комиссэм жэуап зыхь и секретарь Беппаев Суфьян.

Мыпхуэдэ къэхъуащ: изоляторхэр къыщипщытэм Жыгуным къихутащ зы пэшым щIэсын хуей цIыху бжыгъэм нэхърэ хуэдитI-щыкIэ нэхъыбэ щаIыгъыу. Апх уэдэ щытыкIэр зэхьэлIа комиссэм деж псынщIэу нигъэсри, а Iуэхум унафэ пыухыкIа тращIыхьащ, абыкIэ къуаншэхэм я щыуагъэ хэр ткIийуэ ирагъэлъагъужащ. Ди республикэм и УнафэщIым и лIыкIуэу Хьэ ту хэтащ УФ-м и Президентым и Администрацэм цIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ иригъэкIуэкIа зэIущIэшхуэм. ЩIызэхыхьам теухуауэ тIэунейрэ къыщыпсэлъащ, ЮстицэмкIэ министерствэм, Прокуратурэ Нэхъыщхьэм, Суд Нэхъыщхьэм я лIыкIуэхэм яхуэзащ.

«И насыпщ Жыгун Хьэту къызыхэкIа лъэпкъым. Илэжьыр фIэмащIэт, и гур дахагъэмрэ къабзагъэмрэ хуэгъэзати, зэувалIэр къехъулIэрт, цIых у нэст, хэт и дежкIи щапхъэт.

УнафэщIхэр Iэджэу зэщхьэщедз. Жыгуным хэлъар унафэ щIыкIэм и нэщэнэ нэхъ лъапIэ дыдэрщ, къыдекIуэкIахэр хьэл-щэн нэхъыфIхэрщ. И гур псоми яху зэIухат, езыр зэпIэзэрытт, ныбжьэгъу пэжт. Дэ ди лэжьыгъэр жэуаплыныгъэшхуэ зыпылъщ. Абы къиубыд Iуэхугъуэхэр ди лэжьакIуэхэм тэмэму ящIэн щхьэкIэ лъэкI къигъанэртэкъым. Тегъэгушхуак Iуэ-узэщIакIуэ нэсти, Iуэхум къыхихьэ нэхъ щIалэIуэхэм гу лъытэ х эха ях уищIырт, жыдж эрт, емызэшт. ИпэжыпIэкIэ срог ушху э апхуэдэ нэхъыжьыфIым сызэрыдэлэжьам, зы IэнатIэ зэдетхьэкIыну мы гъащIэм абы сызэрыхуишам. Апхуэдэхэрщ дунейгъэдахэкIэ, угъурлыгъэр зи Iэпэгъук Iэ зэджэжри, ноби къытх этым х уэдэу, и фэеплъыр догъэлъапIэ, и IуэхуфIхэм пыдощэ», - къыхегъэщ Уэчылхэм я республикэ коллегием и унафэщI Айдаболовэ Зайнап.

ЦIыхушху э щызэблэкIырт Жыгуным и деж. Псом хуэмыдэу лей зытехьауэ къэзылъытэжхэр уэру екIу алIэрт. Президентым деж цIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ щыIэ комиссэм куэд дыдэ матхэ. Зытеухуахэри хуабжьу зэмылIэужьыгъуэщ. Дэтхэнэ тхыгъэми жэуап тэмэм къыхуэгъуэтыным Хьэту къаруушхуэ ирихьэлIэрт.

«ПщIэ къытх уищIу, дах э дыдэу дызэгуригъаIуэу Жыгун Хьэту илъэс куэдкIэ ди лэжьыгъэр иунэтIащ. Лэжьыгъэ къызэгъэпэщыкIэм, унэтIыкIэм куэ д иIыгъщ. КIий-гуо хэмылъу, щабэу, гурыIуэгъ уэу Iу эху къыщыбдащIэм деж нэхъри уогушхуэ, уогугъу. Хьэту псоми бгъэдыхьэкIэ зырыз къахуигъ уэтыфырт. Уэчыл нэхъ щIалэхэм я щIэныгъэм зэрыхигъэхъуэным, ахэр лэжьыгъэм тегъэгушхуэным зэпымыууэ хущIэкъ урт. Абы папщIэ методикэ чэнджэщхэр Iэзэу къигъэсэбэпырт, семинархэр къызэригъэпэщыр т.

Гу пцIанэти, зыми и жагъуэ ху эщIынутэкъым. Щыгуауи щыгуфIэгъуи псом япэ итт, дэтхэнэми ифI къыдигъэкIыр т. Республикэм щылажьэ комиссэхэм хэтти и щытхъу фIэкIа зэх этхыртэкъым. Уэчылхэр дызэщIэс унэр къыдэзыхари, зыхуей хуэзыгъэзари Жыгуныщ. Иджы зы щыпIэм дыщыIэщи, суд хэмрэ прокуратурэмрэ куэдкIэ нэхъ тыншу запыдощIэф. Мазэ зыбжанэ и пэкIэ тхэкIыжами, ноби гурэ псэкIэ тщIыгъущ, дызэкъуэ ту абы и IуэхуфIым пыдощэ», - гуапагъэшхуэ хэлъу жиIащ уэчыл пашэ Байрамкуловэ Елизаветэ.

Мы зэманым Къэбэрдей-Балъкъэрым и Уэчыл палатэр нэхъ ин дыдэхэм икIи пщIэшхуэ зиIэхэм ящыщщ. Абы хэтщ уэчыл 230-м щIигъу. Жыгун Хьэту пыщIэныгъэфI яхуиIэт Урысей Федерацэм и къэрал регистрацэ IуэхущIапIэмрэ Уэчылхэм я федерал палатэмрэ. Къэралым и уэчылхэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ комиссэм жыджэру дэлажьэр т. Шэч хэмылъу, а псори къалъытащ «2005 гъэм Урысейм и цIыху пэрытхэр» ЩIэнгъуазэм и 6-нэ къыдэкIыгъуэм Жыгун Хьэтурэ палатэм и уэчылхэмрэ я IуэхущIафэм теухуа тхыгъэшхуэр щыхагъэхьэм.

Унагъуэ дахэ зэ даухуащ Хьэтурэ и щхьэгъусэ Людмилэрэ. ЩIалитI-Анзоррэ Аслъэнрэ - зэдапIащи, цIыху зэхъуапсэм хуэдэщ, я Iуэху Iыхьэ мы гъащIэм щрахьэкIыу къогъуэгурыкIуэ.

ФIы зыщIам и пщIэр зэи кIуэдыркъым. ГущIэгъушхуэ х элъу, зи сэбэп куэд цIыхухэм езыгъэкIыу лэжьа, псэуа щIэныгъэлI, юрист Iэзэ Жыгун Хьэту Лилэ и къуэр хъуэпсапIэ нэхухэр и мураду дунейм тетащи, а псоми и унагъуэмрэ и бынхэмрэ лъэIэсыну ди гуапэщ.

ХЬЭ ЖЫКЪАРЭ Алик.

* * *

Жыгун Хьэту Лилэ и къуэр

1936 гъэм жэпуэгъуэм и 20-м Лэскэн районым хыхьэ Арщыдан къуажэм къыщалъхуащ, 1954 гъэм курыт еджапIэр къиухащ. 1955 - 1956 гъэхэм дзэм къулыкъу щищIащ.

1967 гъэм Краснодар къалэм дэт Кубань къэрал университетым и юридическэ факультетыр къиухащ.

1978 гъэм и дыгъэгъазэ мазэм щегъэжьауэ илъэс 14-м нэскIэ Налшык адвокатурэм и лэжьыгъэр иунэтIащ, 1992 гъэм и гъатхэпэм уэчылхэм я республикэ коллегием и тхьэмадэу хахри, КъБР-м и Уэчыл палатэр къызэрагъэпэщыху а къулыкъум пэрытащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и Адвокат палатэм и Советым 2003 гъэм щэкIуэгъуэм и 23-м къищта унафэм ипкъ иткIэ, республикэм и Уэчыл палатэм и президент хъуащ.

И IэнатIэм щиIэ зэфIэкIхэм папщIэ мызэ-мытIэу Щытхъу тхылъхэр, орденхэр, медалхэр къыхуагъэфэщащ, «Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыхь зиIэ и юрист» цIэ лъапIэр къыфIащащ.

Анэдэлъхубзэм телажьэхэр

ЗэIущIэхэр

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым Iуащхьэмахуэ лъапэ щиIэ зыгъэпсэхупIэм мы махуэхэм щекIуэкIащ Урысейм анэдэлъхубзэр зэрыщрагъэджым теухуа щIэныгъэ конференц. Ар къызэрагъэпэщат КъБКъУ-м бзэ щIэныгъэхэмкIэ и институтымрэ КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэмрэ. Ди республикэм ис бзэ щIэныгъэлIхэм, егъэджакIуэхэм, министерствэм и лэжьакIуэхэм я мызакъуэу, конференцым къеблэгъат Урысейм и щIыналъэ куэдым къикIа щIэныгъэлIхэри.

ЗэIущIэр къызэIузыха, КъБКъУ-м и проректор Башиевэ Светланэ хьэщIэхэм псалъэ гуапэкIэ захуигъэзащ икIи университетым и ректор Къарэмырзэ Барэсбий къигъэхьа телеграммэм къеджащ. Абы и ужькIэ КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэ Дорохинэ Лидие тепсэлъыхьащ конференцым къыщаIэтыну Iуэхугъуэхэм ехьэлIауэ ди республикэм щекIуэкI лэжьыгъэхэм. Пленар зэIущIэр зэфIэкIа нэужь, конференцым хэтхэм секцищу загуэшащ. Япэ секцэм хэтащ лъэпкъ зэхуэмыдэхэм къахэкIа сабийхэм щIыпIэм щыпсэу лъэпкъхэм я анэдэлъхубзэр зэрегъэджын хуей щIыкIэм телажьэхэр, етIуанэм - нэгъуэщI IэщIагъэхэм хуеджэ студентхэм я анэдэлъхубзэр егъэджынымкIэ зыIууэ гугъуехьхэмрэ абыхэм къахуэгъуэтын хуей хэкIыпIэхэмрэ елэжьхэр, ещанэм - лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм къахэкIа сабийхэм хамэ къэралыбзэхэр зэребгъэдж хъуну щIыкIэм елэжьхэр.

Мы зэIущIэм щащIа дэтхэнэ докладми нобэр къыздэсым зытемыпсэлъыхьа, бзэ щIэныгъэр зэмылэжьа, методикэр здынэмыса Iуэхугъуэ куэд къыщаIэтащ. Япэ секцэм щылэжьа, Пятигорск бзэ щIэныгъэхэмкIэ дэт къэрал университетым и профессор Барышников Николай зэIущIэм хэтхэм гу лъаригъэтащ хамэ къэралыбзэхэр лъэпкъ зэхуэмыдэхэм къахэкIа сабийхэм щрагъэджкIэ зэпкърахыну ират тхыгъэхэр хамэ къэралхэм ехьэлIауэ щыт нэхъ рэ, езы сабийхэр къызыхэкIа лъэпкъхэм теухуамэ зэрынэхъыфIыр. «Дэ нобэ еттыр сыт? Лондон-Великобританием и щыхьэрщ, Германием и къалащхьэр Берлинщ… Ар зыжетIэнкIэ хъуну а къэралхэм къикIа хьэщIэхэм апхуэдэ псалъэмакъыр зыкIи яфIэгъэщIэгъуэн хъунукъым икIи ямыщIэ абыкIэ къедгъэщIэфынукъым. Абыхэм ди щIыналъэм и зэхэлъыкIэр ди деж щыпсэу лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм ятеухуа хъыбархэр куэдкIэ нэхъ щIэщыгъуэ ящыхъунущ», - жиIащ Барышников Николай.

Элиста къикIа, педагогикэ щIэныгъэхэм я доктор Мукаевэ Очир тепсэлъыхьащ анэдэлъхубзэр зэрырагъэдж тхылъхэр, методикэхэр зэрахъуэжым, зэрырагъэфIакIуэм, къищынэмыщIауэ, иджырей зэманым сабийр тхылъым зэрыпхудемыгъэхьэхым къыхэкIыу, къыдалъхуа бзэр IэщIыб имыщIу, а бзэмкIэ и гупсысэ къиIуэтэфу къэгъэхъун папщIэ лъэпкъ джэгукIэхэр, щэнхабзэр хэпщауэ бзэр зэрырагъэджыр, сабийхэмкIэ сэбэпышхуэ зэрыхъум.

Щхьэлыкъуэ дэт пэщIэдзэ школым и егъэджакIуэ, щIэныгъэлI Амщокъуэ Хьэсэнбий и докладым щыжиIащ: «Бзэ щIэныгъэлIхэм, методистхэм икъукIэ лэжьыгъэшхуэ къапэщылъщ. Школ учебникхэр хъуэжын, щIэныгъэр и лъабжьэу егъэфIэкIуэн хуейщ… Урысыбзэр адыгэ, балъкъэр сабийхэм зэрырагъэдж методикэр жьы хъуащ, ди нобэрей зэманми къезэгъыжыркъым. ПэщIэдзэ классхэм щеджа сабийхэм я анэдэлъхубзэр нэхъыфIу ящIэн папщIэ, дерсхэр адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ ирагъэджурэ урысыбзэм техьэжа нэужь, а бзэр ямыщIэхху куэдрэ дыщрихьэлIэ къохъу. Абы къегъэлъагъуэ методикэр ди нобэрей зэманым къемызэгъыж зэрыхъуар…»

КъБКъУ-м и лэжьакIуэхэу педагогикэ щIэныгъэхэм я доктор Балэ Иринэ, IуэрыIуатэмрэ Кавказ Ищхъэрэм ис лъэпкъхэм я литературэмкIэ кафедрэм и унафэщI ЦIыпIынэ Аслъэн, инджылызыбзэмкIэ кафедрэм и егъэджакIуэ Ахэмын Кристинэ сымэ я докладхэм Iуэхугъуэ щхьэпэхэр къыщаIэтащ икIи бзэр джыным ехьэлIа Iуэху бгъэдыхьэкIэщIэ убзыхунымкIэ къэсэбэпыну Iуэхугъуэхэр ягъэбелджылащ.

ЕтIуанэ секцэм щылэжьахэу филологие щIэныгъэхэм я доктор Кетенчиев Мусса, адыгэбзэмкIэ кафедрэм и егъэджакIуэхэу Хьэщхъуэжь Заретэ, Езауэ Мадинэ, Мэкъуауэ Джульеттэ сымэ къагъэлъэгъуащ анэдэлъхубзэм хуемыджэ студентхэм я бзэр нэсу егъэщIэнымкIэ къыкъуэкI гугъуехьхэр, щыIэ хэкIыпIэхэр. Мы Iуэхум теухуа методикэм и ныкъусаныгъэхэр.

Ещанэ секцэм щылэжьа Щомахуэ Татьянэ, Чым Рашад, Мыд Джульеттэ сымэ тепсэлъыхьащ хамэ къэралыбзэхэр ди республикэм ис лъэпкъхэм къахэкIа сабийхэм зэрырагъэджыну методикэр щызэхагъэувэкIэ зыхуэсакъыпхъэхэм, гулъытэ хэха зыхуэщIыпхъэхэм, лъэпкъыбзэм тегъэщIауэ лажьэ школхэмрэ урысыбзэр нэхъ щытепщэ еджапIэхэмрэ хамэ къэралыбзэхэр зы методикэкIэ щебгъэдж зэрымыхъунум.

Секцэхэм я лэжьыгъэм хэтащ республикэм анэдэлъхубзэмкIэ щезыгъаджэ егъэджакIуэ пажэхэр. Абыхэм я упщIэхэм къыхэщырт методикэм и теориемрэ практикэмрэ куэдкIэ зэрызэщхьэщыкIыр.

КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм и лэжьакIуэ Балэ Людмилэ и къэпсэлъэныгъэм къыхигъэщащ щIэныгъэлIхэмрэ егъэджакIуэхэмрэ зэкъуэту зэдэлэжьэн зэрыхуейр, зым зыр чэнджэщэгъу зэрыхуэхъупхъэр. Абы и ужькIэ адыгэбзэмкIэ езыгъаджэ Бекъан Масирэт анэдэлъхубзэмкIэ егъэджакIуэхэм я япэ урысейпсо зэпеуэм 2007 гъэм щита дерсыр игъэлъэгъуащ. Конференцыр зэхуащIыжащ «Си бзэ, си псэ, си дуней» уэрэдымкIэ.

ЕтIуанэ махуэм хьэщIэхэр Чегет, Азау, Нартсанэ къыщIэжыпIэхэм яшэри я нэгу зрагъэужьащ, Iуащхьэмауэ лъапэ и



ЗэIущIэм хэтахэр.

Джудовичрэ Амисулашвилирэ хъыджэбз цIыкIу зырыз къыхуалъхуащ

Хъыбар гуапэ

Урысей Федерацэм и топджэгу командэр 2010 гъэм екIуэкIыну сыкъыщежьэжым, къыстехьэлъащ. Ауэ сыкъэнэн мурад сиIакъым. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, зэIущIэ гугъу къытпэщылъщ, «Зенитым» зыхуэдмыгъэхьэзыру хъунукъым.

дунейпсо чемпионатым къызэрыхах зэIущIэм зэрыхэтым щхьэкIэ, Премьер-лигэм и зэIущIэхэр тхьэмахуитI хуэдизкIэ ягъэувыIащ. Абы ирихьэлIэу «Спартак-Налшыкым» и топджэгухэр махуэ зыбжанэкIэ зэбграутIыпщыкIащ. Черногорием къикIа Джудович Миодрагрэ Куржым и топджэгу Амисулашвилирэ я унэ хъыбар гуапэ къащыпэплъэу къыщIэкIащ: абыхэм тIуми хъыджэбз цIыкIу зырыз къыхуалъхуащ. Куржы гъуащхьэхъумэм Сабо и цIэу зы щIалэ къыхуохъу, пщащэр етIуанэ сабийщ, Миодраг дежкIэ ар япэщ.

«Адэ сызэрыхъуам щхьэкIэ псалъэ лей гуэр схужыIэнукъым, ауэ си гур къызэригуфIыкIыр наIуэщ. Хъыджэбз цIыкIум Петрэ фIэтщащ. Япэхэм щыгъуэ Черногорием сыкъикIыжу Налшык къыщызгъэзэжкIэ, зыуи къысщыхъуу щытакъым. Иджы

Налшык сыкъызэрыкIуэжу командэм и унафэщIхэри, тренерхэри, топджэгухэри къызэхъуэхъуащ. Ар икъукIэ си гуапэ хъуащ», - къыджиIащ Джудович Миодраг.

Амисулашвили Александр командэм къыщигъэзэжынум и ныбжьэгъухэр темыпIэжу поплъэ. Куржы футболистыр и унэ къыщIэнар зэкIэлъыпыту карточкэ гъуэжьиплI къызэрихьам щхьэкIэ, «Зенитым» и зэIущIэр зэрыдигъэхунур аращ. Командэм и унафэщIхэр абы пэрыуакъым икIи и унагъуэм нэхъыбэрэ яхэсмэ нэхъ тэмэму къалъытэри, и зыгъэпсэху гъуэм махуэ зыбжанэ хущIагъуащ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Президент программэм тету

КъБР-м и экономикэм папщIэ IэщIагъэлIхэр гъэхьэзырыным хуэгъэпса Президент программэм ипкъ иткIэ, дунейпсо бизнес-школхэм щеджэну цIыху 15 Европэм ягъэкIуащ. Абыхэм ящыщу 14-р Великобританием и еджапIэ зэхуэмыдэхэм щIэтIысхьащ, зыр Франджым кIуащ.

ЩIэныгъэ

ФЫЗЭРЫЩЫГЪУАЗЭЩИ, зи гугъу тщIы программэм жэрдэмщIакIуэ хуэхъуар КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсенщ. Программэр зыхуэгъэпсар экономикэ IэнатIэм иджырей мардэхэм изагъэ IэщIагъэлIхэр хуэгъэхьэзырынырщ. Абы и Iуэхур зезыгъакIуэр КъБР-м Экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкIэ и министерстварщ. КъэкIуэну илъэситхум гъэ къэс IэщIагъэлI 50 хамэ къэралхэм щыIэ бизнес-школхэм ягъэкIуэну, экономикэр щытыкIэ гугъум къизышыфын унафэщI 20 ирагъэджэну, ику ит бизнес, бизнес цIыкIухэм ирилажьэ IэщIагъэлIи 150-м я щIэныгъэм храгъэгъэхъуэну я мурадщ.

Программэм къигъэув жыпхъэхэм япкъ иткIэ, дэтхэнэ цIыхуми еджэн къиуха нэужь, Къэбэрдей-Балъкъэрым къигъэзэжын хуейщ, зригъэгъуэта щIэныгъэр и хэкум къыхуигъэсэбэпыну.

Программэм и зы унэтIыныгъэ лIэужьыгъуэмкIэ («Подготовка антикризисных управляющих») цIыху 20 БизнесымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтым щрагъэджащ. «Ику ит бизнес, бизнес цIыкIум папщIэ IэщIагъэлIхэр гъэхьэзырын» унэтIыныгъэмкIэ цIыху 15-м я IэщIагъэм щыхагъэхъуащ Къэбэрдей-Балъкъэр бизнес-инкубаторым. ЦIыху 16 стажировкэ щыIащ Гонконг, Сингапур. Абыхэм зыщагъэгъуэзащ къэрал пашэхэм я экономикэм зэрызиужьым. Хьэрычэт Iуэхум лъабжьэ хуэхъум теухуауэ цIыху 90 зыхэта семинар щекIуэкIащ Iуащхьэмахуэ лъапэ.

Великобританием и Бат къалэм дэт университетым щеджэ Шапсыгъ Альбертрэ АфIэунэ Владимиррэ къыддэгуэшащ абы яфIэгъэщIэгъуэну щалъэгъуахэмкIэ. Псом япэу телъыджэ ящыхъуар Къэзахъстаным и студент куэд зэрыщеджэрщ. «КъызэрыщIэкIымкIэ, еджапIэ нэхъыщхьэхэм я студент нэхъыфIхэм я щIэныгъэр хамэ къэралхэм щыпащэнымкIэ программэр Къэзахъстаным 1993 гъэ лъандэрэ щолажьэ икIи ар сытым дежи и нэIэ щIэтщ Назарбаевым. Апхуэдэ программэм абыхэм зыхуагъэхьэзырын щIадзэ иджыри университетым щIэсу. Абыхэм я студентхэм зэрыжаIэмкIэ, Къэзахъстаным и языныкъуэ еджапIэ нэхъыщхьэхэм предмет щхьэхуэхэр хамэ къэралхэм къикIа IэщIагъэлIхэм инджылызыбзэкIэ щрагъэдж. Бат къалэм дэт университетым Урысейм икIауэ щеджэхэм нэхърэ куэдкIэ нэхъыбэщ Къэзахъстаным и студенту абы щыIэр».

- Сомерсет графствэм хиубыдэ Бат къалэм щхьэхуэу и гугъу пщIымэ, къыхэгъэщыпхъэщ ар Великобританием и щIыпIэ нэхъ дахэ дыдэхэм зэращыщыр, Бат къалъытэ викториан лъэхъэнэм и архитектурэ гъуэзэджэр къыщызэтена щIыпIэ телъыджэхэм ящыщ зыуэ. Инджылызым и къалэхэмрэ щIыналъэхэмрэ ящыщу тхыдэ икIи щэнхабзэ фэеплъу хъумэн хуейуэ а зыращ ЮНЕСКО-м къилъытар. ЦIыху мин 80 зыщыпсэу къалэр илъэс 2500-рэ и пэкIэ къыщыунэхуауэ щытащ щIыщIагъ псыхуабэ къыщIэжыпIэхэм деж. Абы и щыхьэту Бат къыщызэтенащ мывэ джафэкIэ къищIыкIа пасэрей урым зыгъэпскIыпIэхэр. Аращ къалэм и фIэщыгъэцIэр къызытекIари.

Апхуэдэу щытми, Бат музей хьэпшыпым хуэдэу «псэншэкъым», атIэ зэманым декIуу зызыужь, жылагъуэ гъащIэ жыджэр щекIуэкI, турист куэд щыпэкIу къалэщ. Университетым хэтщ студентхэм я жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ зэIущIапIэхэмрэ. ЩIыналъэр зэрыгушхуэ IуэхугъуэщIэхэм ящыщщ къызэрызэIуахрэ куэд мыщIа спорт центр дэгъуэр.

- Ди республикэм Iэмал псори иIэщ щыпсэу, щылажьэ, зыщагъэпсэху щIыпIэу Урысейм щынэхъыфI дыдэхэм ящыщ зы хъунымкIэ, - жаIащ Шапсыгъ Альбертрэ АфIэунэ Владимиррэ псалъэмакъым и кIэухыу. - Ди цIыхухэр хамэ щIыналъэхэм кIуэурэ я IэщIагъэм, щIэныгъэм, зэфIэкIым хагъахъуэурэ хэкум къагъэзэжу хуэлэжьэнымкIэ ди республикэм Iэмал псори къызэрызэригъэпэщыфынур быдэу ди фIэщ мэхъу.

МЕЧИЕВ Асхъэт,
КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм и лэжьакIуэ.

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

Малъхъэдис

● Си хъуреягъкIэ

ГъащIэмрэ ажалымрэ

ЛIЫЖЬ ди цIыхугъэфIым и деж щIэупщIакIуэ дыкIуат, «и Iуэху мыщIагъуэжу» щызэхэтхым. Сыту бэлыхьышхуэ и псэм телът а пIэхэнэ тхьэмыщкIэм!

Абы сыздеплъым, сигу къэкIащ: псоми къытпэщылъщ иджы ар. ГъащIэр ажалым и ужь иту щытамэ арат. Сыту фIыт ар пщIэкIауэ дунейм утетыну! Ауэ...

ЛIэныгъэр гъащIэм и кIэм щIахьыр абы зыхуэдгъэхьэзырын щхьэкIэу къыщIэкIынущ.

Ныбжьыр зэлъытар

ГЪЭМАХУЭ шылэми, пыIэ хуабэшхуэр быдэу щхьэрыкъуауэ (лъыр тэмэму земыкIуэжмэ, щыгъынми уигъэхуабэрэ!) зы лIыжь тешхыхьыпа къызбгъурытIысхьащ кхъухьлъатэкIэ дежьауэ. Соплъ, сфIэхьэлэмэту: иджы гъащIэшхуэ зиIэ щымыIэжу жаIэ итIани! Ярэби, сыту пIэрэ ар апхуэдэу куэдрэ псэуныр къызыхэкIар?

- Уэ лы пшхыуэ къыщIэкIынкъым, дауи, - соупщI, псэлъэгъу дыщызэхуэхъум.

- Сыт щIэзмышхыр, сошх.

- Фадэ уефэрэ?

- Софэ фади.

Сэ ар сымыгъэщIагъуэу къанэркъым.

- Илъэс дапщэ ухъурэ, дадэ?

- 47-нэр йокIуэкI...

Сэр нэхърэ илъэс 20-кIэ нэхъыщIэт сызыкIэрыхъыжьар!

ФIы пщIэмэ...

ТЕЛЕФОН тхылъым сыIэбэрэ пэт, езы телефоныр къозу. Зэгуэр лэжьапIэ къызыхуэзгъуэтауэ щытар а здэзгъэува, лъэкIэ щыува IэнатIэм къопсэлъыкIри, къысхуэмыарэзыуэ, гукъанэ хэлъу мэпсалъэ. Асыхьэтым бжэр къыIуех сэ зыхуезгъэса IэщIагъэм хуэIэзэ дыдэ хъуауэ къэзылъытэж, сэри зыкIэ къысхуэмеиж си лэжьэгъум, си жагъуэ къещI.

Схуэфащэщ, зыми зыри хуэзмыщIамэ, ахэр къэхъунутэкъым, фIы сщIам и бэлыхьым сеукIыж. Сэ сщIэнщ ар дяпэкIэ - зыми зыри хуэсщIэнкъым!.. Сыту пIэрэт телефон тхылъым сыщIэIэбари? Си щхьэм итыр ирахуащ... А, зыгуэр къызолъэIу сыхэлIыфIыхьу фэтэр кърезгъэтыну. Иджыпсту сепсэлъэнщ я унафэщIым. Гуэныхьщ, тхьэмыщкIэ, Iэмал имыIэу зыгуэр хуэщIэн хуейщ!

ХЬЭХ Сэфарбий.

● ДжэгукIэхэр

Жьынду цIыкIу

ЦIЫКIУХЭР хъурейуэ къоувэкI, зыр и кум йоувэ. Ар - жьынду цIыкIуращ. Мыдрейхэр - хэт хьэндырабгъуэщ, хэт цIыв цIыкIущ, хэти бзущ. Джэгур езыгъэкIуэкIым жеIэ: «Нэху мэщ!». Хъурейуэ къеувэкIахэр «къоуш», хьэндырабгъуэм, цIывым, бзухэм зыпащIыжу щIадзэ, жьындур «мэжей».

Джэгур езыгъэкIуэкIым: «Жэщ мэхъу!» - щыжиIэкIэ, псори я пIэм йожыхьри «мэжейхэр», жьындур къоушри яхэплъэу щIедзэ. Хэт зигъэхъейми, дыхьэшхми, къыхешри и гъуэм (къэтхъыхьам ику) ирегъэувэ. Ахэр жьынду цIыкIу мэхъури, зэгъусэу мэщакIуэхэр. Апхуэдэурэ псори къаубыда нэужь, джэгуныр яух.

● Лъэпкъ шхыныгъуэхэр

Прунж IэфI

ФIЫУЭ ягъэкъабзэу ятхьэщIа прунжыр шыгъу зыхэдза псым сыхьэт ныкъуэ, сыхьэт хуэдизкIэ хагъэлъщ. Къыхахыжри, псы къэкъуалъэм хакIутэ. Дакъикъи 5-7-кIэ ягъэва нэужь, къыхахыж.

Тхъу зрагъэтIкIухьа кIэструлым иралъхьэ фошыгъурэ чыщмыщрэ зыхэлъ прунжыр. Псы стэкан ныкъуэ зэхуэдэу траутхэри, и щхьэр быдэу трапIэ. МафIэ хуэмым дакъикъэ 25-30-кIэ трагъэтщ. Хьэзыр хъуа нэужь, шху и гъусэу Iэнэм трагъэувэ.

Шхыныгъуэр щащIкIэ халъхьэр: прунж грамм 500-м хуэзэу тхъу гъэвэжауэ грамми 150-рэ, фошыгъурэ чыщмыщу зэрафIэфIкIэ.

«Адыгэ шхынхэр» тхылъым къитхыжащ.

● Сабийхэм папщIэ

Ажэмрэ бжэниблымрэ

БЖЭНИБЛ зыщIигъури, ажэр хъуакIуэ дэкIащ. Зыкъомрэ хъуакIуэри, зым жиIащ:

- НакIуэ-сыкIуэ дывгъэкIуэж!

- Уэ зы ныбэщ уиIэр, дэ дрикъуакъым, - къыхуадакъым адрейхэм.

Зи ныбэ из хъуа бжэныр къежьэжри пхъэзакъуэ лъэмыжым къытехьащ. Лъэмыж щIагъым щIэс дыгъужьыр къыщIэжащ:

- Хэт ар?

- Зы ныбэ зиIэ бжэнырщ.

- Дэнэ укъикIыжрэ?

- ХъуакIуэ сыкъокIыж.

- НтIэ щхьэ укIэзызрэ?

- Сыпшхын си гугъэщи.

- Усшхынкъэ-тIэ, - жери дыгъужьым бжэныр иригъэлъэтэхащ.

Зыкъом дэкIри, ныбитI зиIэ бжэныр къежьэжащ. Лъэмыжым къыщысым, дыгъужьыр къыпэтIысащ.

- Уэ ухэт?

- НыбитI зиIэ бжэнырщ.

- Дэнэ укъикIыжрэ?

- ХъуакIуэ сыкъокIыж.

- НтIэ щхьэ укIэзызрэ?

- Сыпшхын си гугъэщи.

- Усшхынкъэ-тIэ! - жери дыгъужьым ныбитI зиIэ бжэныр иригъэлъэтэхащ.

Ныбищ зиIэ бжэнри къежьэжащ, лъэмыжым къыщысым, ари ишхащ дыгъужьым. НыбиплI зиIэри, ныбитху зиIэри, ныбих зиIэри, ныбибл зиIэ бжэнри лъэмыж дакъэм щригъэлъэтэхащ дыгъужьым.

Ажэжьыр къежьэжащ, пшапэр зэхэуауэ. Пхъэзакъуэ лъэмыжым къэсри, дыгъужьыр къыпэтIысащ.

- Уэри ухэт?

- Сыажэщ.

- Дэнэ укъикIыжрэ?

- ХъуакIуэ сыкъокIыж.

- НтIэ щхьэ умыкIэзызрэ?

- СыкIэзыз си хабзэкъыми.

- Уи щхьэщыгум ит къуэрагъитIыр сыт?

- Джатэщ. Дыгъужь сыхуэзэмэ, сропыдж.

- Iэу! Дыгъужь уепыджрэ уэ? - жиIэри дыгъужьыр къэкIэзызащ. - А уи жьакIэм къыщIэплъ тIыгуритIым сыт ирипщIэрэ?

- Ар си токъурамитIщ, дыгъужьым и щхьэр иризэгузоуд.

- Iэу! Iэу! «Быргуэ-быргуэ» жызыIэри сыт?

- Си фIалъэ лъакъуитIырщ: сытопкIэри дыгъужьыр изоуд! - жиIэри ажэр дыгъужьым епыджащ, и ныбэр щызэгуипхъым, бжэниблыр къипкIыжри ажэм и гъусэу къуажэм дыхьэжащ.

Бицу Русланэ сэхураныщхьэм «зыщегъафIэ».

● Хъуэхъухэр

Уи гур зыщIэхъуэпсым уи Iэр лъэIэсыну!

Гъурыжь Мадинэ теухуа тхыгъэ ди газетым нэхъапэми къытехуащ - и махуэшхуэмкIэ дехъуэхъууи, еджапIэ нэхъыщхьэхэр ехъулIэныгъэкIэ къызэриухахэр дэдгъэлъапIэуи. Ноби ди гуапэу Мадинэ дохъуэхъу къыщалъхуа махуэмкIэ. Куэдым щапхъэу къахуэпхь хъуну дуней тетыкIэ зиIэ ди лэжьэгъу хъыджэбзым хуэфащэщ и цIэ иджыри зэ фIыкIэ дгъэIуну.

НАЛШЫК дэт 23-нэ курыт школыр хъарзынэу къэзыуха я хъыджэбзыр занщIэу еджапIэ нэхъыщхьэм щIэтIысхьэныр нэхъ яфIэкъабылт и анэми къыдалъхуахэми. «Зы илъэскIэ сылажьэрэ итIанэ еджэн щIэздзэмэ хъуркъэ», - жиIэщ, и унагъуэри абыкIэ акъылэгъу къищIри, IэнатIэ хуэхъун лъыхъуэну къыдэкIащ Мадинэ махуэ гуэрым. Москва къэрал университетым журналистикэмкIэ и факультетырт нэхъ зыщIэхъуэпсри, къалащхьэм кIуэн и пэ къихуэу а IэщIагъэм зыхигъэгъуэзэну мурад ещIри, партым и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и издательствэмрэ абы и газетхэм я редакцэхэмрэ зыщIэс унэм макIуэ, лэжьыгъэ щыIэмэ щIэупщIэну. Хъыджэбз нэIурыт цIыкIур ягу ирихьщ, адыгэ газетыр лэжьакIуэ хуейуи къыщIэкIри ящтащ. Япэ махуэм щыщIэдзауи и къалэнхэр екIуу игъэзащIэу, гуп зыхыхьами задригъэкIуу къокIуэкI Мадинэ.

МГУ-м щIэтIысхьэн мурадкIэ тIэунейрэ къалащхьэм кIуащ Мадинэ, ауэ хъарзынэу экзаменхэр итами, конкурсышхуэм пхымыкIыурэ къигъэзэжащ. Апхуэдэу щыхъум, зэрылажьэм хуэдэурэ, КъБКъУ-м филологиемкIэ и институтыр, итIанэ Кавказ Ищхъэрэм къэрал къулыкъумкIэ и академием журналистикэмкIэ и факультетыр диплом плъыжькIэ къиухащ.

Адыгэ унагъуэ дахэм къыщыхъуа (хабзэмрэ нэмысымрэ я лъабжьэр щыбыдэ, хъума нэхъ щыхъуа Къармэхьэблэ къуажэжьым щыщщ къызыхэкIа лъэпкъыр), и адэ-анэ Хьэзрэталийрэ Нафилэрэ зыхуаущия дахагъэхэр нэхъри игъэбагъуэу щолажьэ Мадинэ «Адыгэ псалъэм». Газет зэкIэлъыгъэкIуэным абы нэхърэ нэхъ хуэгумызагъэрэ хуэIэкIуэлъакIуэрэ дэнэ къипхын, къыхужаIэу и къалэнхэр егъэзащIэ. Ар газетым и выпускающэу, жэуап зыхь секретарым и къуэдзэу лэжьащ, иджыпсту газетым и «штабым» и унафэщIщ - жэуап зыхь секретарщ. Тхыгъэхэр я мыхьэнэ, инагъ-цIыкIуагъкIэ зэхуэгъэкIуауэ напэкIуэцIым игъэзэгъэн, сурэтхэми я увыпIэ къахуэгъуэтыжын; макетым тету газетыр компьютеркIэ щызэпкъралъхьэкIи, абы корректорхэр, номерыр зи пщэ дэлъ редакторыр къыщеджэкIи, щыуагъэхэр щызэрагъэзэхуэжкIи, Iэ тедзэным щыхуагъэхьэзыркIи, газетыр пленкэм щагъакIуэкIи - а псоми и нэIэ тетщ Гъурыжьым.

ЗэкIэлъигъакIуэ апхуэдиз лэжьыгъэр къытехьэлъэуи зыкъыуигъащIэркъым - нэфIэгуфIэщ, жанщ. Мадинэ щIэныгъэ куу зыбгъэдэлъ, ди жылагъуэм къыщыхъу сыт хуэдэ Iуэхуми и еплъыкIэ хузиIэж цIыхущ гъэщIэгъуэнщ. Совет, урысей, хамэ къэрал тхакIуэхэу зи Iэдакъэ щIэкI емыджа куэд зэрыщымыIэм и мызакъуэу, абы имыцIыху спортсмен гъуэтыгъуейщ, жыпIэми щыуагъэ хъунукъым.

И гуп хэтыкIэкIи дэбгъуэн щыIэкъым Мадинэ. И унафэм щIэт псоми бгъэдыхьэкIэ щхьэхуэ къахуэзыгъуэт хъыджэбз гуащIафIэм пщIэ хуэзымыщI щылажьэркъым «Адыгэ псалъэ» газетми, абы Iуэху гуэркIэ къыхуейуэ къыбгъэдыхьэ щIэджыкIакIуэхэми.

Игури и псэри адыгэ газетым етауэ илъэс тIощIым щIигъуауэ зэрылажьэр гулъытэншэ хъуркъым - абы къыхуагъэфэщащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и ЩIыхь тхылъыр, щIэхщIэхыурэ и цIэр фIыкIэ кърaIуэ, ахъшэ саугъэтхэмкIэ ягъэпажэ.

Къалэдэсхэр адыгэ хабзэм нэхъ пэIэщIэ хъуурэ жыхуаIэр зэрымыпэжыр щынэрылъагъу унагъуэ дахэ къыхэкIащ Мадинэ - абы и анэ Нафилэ и бынищми (я адэр пасэу дунейм ехыжами) яхилъхьэфащ езым и хьэл-щэныфI куэд - и щабагъэри, зэпIэзэрытагъри, цIыхухэм гуапэу, пэжу, гущIэгъулыуэ яхущытынри. Нафилэ ягъэгуфIэ и бынхэу Лилэ, Юрэ, Мадинэ сымэ, и нысэ Мадинэ, и къуэрылъху щIалищым я ехъулIэныгъэхэм.

Зи махуэшхуэр нобэ зыгъэлъапIэ ди ныбжьэгъум, ди лэжьэгъум дохъуэхъу узыншэу, гуфIэгъуэр и куэду, и гур зыщIэхъуэпсым и Iэр лъэIэсу, Iуэхуу зыхуежьэр къехъулIэу, цIыхухэм зэрегуэпэкI псори бэгъуауэ къыхэхъуэжу псэуну!

«Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакIуэхэр.

Аушыджэр къуажэм щыпсэу Къущхьэ Саримэ Рустам и пхъум и ныбжьыр илъэсищ ирокъу

Ди псэм щыдгъафIэ Саримэ, уи къэкIуэнур дахэу, уи насыпыр изу, узыншагъэ уиIэу, уи пщIэр лъагэрэ уи псэр къабзэу, гукъыдэжымрэ дэрэжэгъуэмрэ уи Iэпэгъуу, ущэныфIэу, уакъылыфIэу, уи зэфIэкIымрэ щIыхьымрэ уи нэхъыжьхэр ригушхуэу илъэс куэдкIэ упсэуну дынохъуэхъу!

Дадэ Борисрэ нанэ Зоерэ.

Псалъэзэблэдз

ЕкIуэкIыу: **5.** Хадэхэкl. **7.** Къэбэрдейм и иужьрей пщы уэлий. **9.** Псы къызыдэж къуэ, бгы зэхуаку. **11.** Бын. **12.** Зи кур нэщI, купщIэншэ. **13.** «МафIэ уиIэ?» - жиIэу Сосрыкъуэ зэупщIа нартхэм языхэз. **14.** Бдзэжьей лIэужьыгъуэ. **15.** Урыс пащтыхь Иван Грознэм и щхьэгъусэ етIуанэ, Идар Темрыкъ уэ ипхъу. **16.** Ухуэныгъэм къыщагъэсэбэп пкъыгъуэ. **18.** Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу лъэпкъ. **19.** ПхъащIэ Iэмэпсымэ. **21.** Шым и кIуэкIэ. **22.** А унэцIэр зэрахьэ адыгэ уэрэджыIакIуитIым е мэлыхъуэ пщыIэм. **23.** Iэлъыным, тхьэгъум ирагъэтIысхьэ мывэ. **24** ШыуанышхуЭ. **27.** Пасэм зылъэкI адыгэхэм атэлыкъым деж щрагъэпIу щыта сабий. **30.** Пхъэщхьэмыщхьэ. **31.** ХупцIынэр зэрагъэтэдж. **32.** Нэгъуэщl унагъуэ щIэлъадэу иращылIэ къаугъэ. **33.** Пхъэщхьэмыщхьэ гуащIэ цIыкIу. **35.** Хадэм зэрилэжьыхь Iэмэпсымэ. **37.** Къуэшым и щхьэгъусэ. **40.** ХьэкIэкхъуэкIэ. **41.** Махъсымэ къызыхащIыкI зэхэгъэва. **43.** Кхъуейлъалъэ е кIэртIоф дэлъу ящI шхыныгъуэ, хьыршын. **44.** КъэгъэшыгъуафIэ. **45** Адыгэ лъэпкъым и зы къудамэ. **46.** Адыгэ таурыхъхэм узыщрихьэлIэ щIалэ цIыкIу, иныжьхэм ебзэджэкIыу. **47.** ХьэситI зэхуакум дэкI вагъэбдзумэ. **49.** Транспорт лIэужьыгъуэ. **50.** Фадэ гуащIэ. **51.** Шыуан фIэдзапIэу жьэгум хэщIыхьа. **53.** Адыгэ къэфэкIэ. **54.** Псэхэлъхьэж. **55.** Хьэцэпэцэ. **56.** Дыщэр ... хуэныкъуэкъым.

Къехыу: **1.** Хадэхэкl. **2.** ЩIылъэми псыми щыпсэу псэущхьэ, хуэм дыдэу фIэкI земыкIуэу. **3.** Данэ щэкI лъэпкъ. **4.** ЩIэпхъаджагъэ зылэжьахэр нэхъапэм зрадзэу щыта мащэ куу. **6.** ХадэхэкIыр Iисраф зыщI дзыгъуэшхуэ. **8.** А унэцIэр зэрахьэ: партым и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и секретару щытам, ди республикэм и цIыхубэ тхакIуэм, «КъБР-м щIыхь зиIэ и артист» цIэр зыфIаща уэрэджыIакIуэм. **10.** Кавказ Ищхъэрэм щыщ республикэ. **17.** Зи къапщIийхэр дыщафэу гъагъэ удз хущхъуэ лIэужьыгъуэ. **18.** Пхъэщхьэмыщхьэ гуащIэ плъыжь цIыкIу. **19.** ЕуэкIыпIэ. **20.** Къуаншэмрэ захуэмрэ щызэхагъэкI IуэхущIапIэ. **23.** НапIэзыпIэ. **25.** Шынагъуэу къиуа псыежэх. **26** Зиусхьэн лъэпкъ. **27.** Хадэхэкl. **28.** Шы «вакъэ». **29.** Iэщ цIыкIу. **34** Псы къыщIэ жыпIэ. **36** Ди республикэм щыщ къалэ. **38.** «... зыхэвэ нэхърэ бжэн зыхэпкIэ». **39.** Бадзэ лIэужьыгъуэ. **42.** Шэжыпс гъэфIэIуа. **47.** ЩоджэнцIыкIу Алий и «Хьэжыгъэ пут закъуэм» хэт цIыху. Хьэжым хуэлIыщIа. **48.** Махуэм и зы Iыхьэ. Пщэдджыжьым сыхьэти 10-хэм хуозэ. **50** Бжэгъу кIыхь, къурыкъу. **52.** ЩакIуэм фочышэу къигъэсэбэп бдзапцIэ хъурей цIыкIу.

Зэхэзылъхьар **МЫЗ Ахьмэдщ.**



Жэпуэгъуэм и 11-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкIуэкIыу: **3.** Ацкъан. **8.** Къанкъуэщ. **9.** Псалъэжь. **10.** Жызум. **12.** ШкIэплъ. **15.** Жасы. **16.** Хужьыгъэ. **17.** Насып. **20.** Еншэ. **22.** Хъахъэ. **25.** Абей. **26.** Лыгъэ. **27.** Пщымахуэ. **28.** Имыс. **30.** Хьэсэ. **31.** «Анэл». **33.** Дэгъуэ. **35.** Удэфа. **37.** Къады. **38.** Пхъэх. **39.** ЗауэлI. **42.** Нэгумэ. **44.** Шыщхьэу. **45.** «Аэзмэт». **46.** Iэпщэ.

Къехыу: **1.** «Таукъан». **2.** «Уэзы». **4.** Црым. **5.** Анэщ. **6.** Есэп. **7.** КъэкIыгъэ. **10.** Жыгей. **11.** Уанэ. **13.** КIэпхъ. **14.** ЛъхукъуэлI. **18.** «Сэрмахуэ». **19.** Джарым. **21.** Шыпсэ. **23.** Арэзы. **24.** Хьэзыр. **29.** Сатыгъэ. **30.** Хьэлупэ. **32.** Луплъ. **33.** Дадэ. **34.** Къалмыкъ. **36.** Хьэжрэт. **40.** Агъэн. **41.** Лакъуэ. **42.** Нэхущ. **43.** Мазэ.

Арыншами сыкъепсыхыну си гугъэт

ЗЭГУЭРЫМ Хъуэжэ шыдым къехуэхащ. Ар щалъагъум, уэрамым дэт сабийхэр абы щыдыхьэшхащ. Къэтэджыжауэ сабэр зыкIэриутхыпщIыкIыжу щыт Хъуэжэ абыхэм яхуеплъэкIри:

- Сыт фыщIэдыхьэшхыр? Арыншами, сэри сыкъепсыхыну си гугъэт, - жиIащ Хъуэжэ.

ФIыщIэ щIищIыр

ЗЭГУЭРЫМ Хъуэжэ къалэм кIуауэ и шыдыр кIуэдащ. Ар къыщыщIа щIэщхъум щхьэкIэ ину тхьэусыхэу икIи Алыхьым шыкур хуищIурэ уэрамым ирикIуэрт.

- Уа Хъуэжэ, - зыхуагъэзащ абы цIыхухэм, - уи шыдыр зэрыпфIэкIуэдамкIэ тхьэусыхафэр богъэш, абы къыдэкIуэуи фIыщIэ Тхьэм хубощI. Ар дауэ къызэрыбгурыIуэнур?

- ФIыщIэ щIыхуэсщIыр, - къитащ жэуап Хъуэжэ, - сэ шыдым сызэрытемысарщ, армыхъуамэ сэри сыкIуэдынти, си бынунэр зеиншэу къэнэнт.

● ГушыIэ

ДЖЭДГЪЭФ Аслъэмырзэ.

● ЖыIэгъуэхэр

Делэ узыщI фадэм уефэ хъунут...

♦Акъылыншэм гуфIэгъуэу иIэр фадэм IэщIех.

♦Бийуэ щыIэм я нэхъ Iейщ фадэм ныбжьэгъу къыпхуищIар.

♦Выпщэр бжьым ехъуэри, зы бжьэм цIыхур егъэунэхъу.

♦Гум илъыр къизыху фадэм абы имылъри жыуегъэIэ.

♦ГуфIэгъуэм тефыхь и гугъэурэ, фадэм цIыхур тоунахъуэ.

♦ГъащIэр кIэщI зыщI щхьэусыгъуэ куэд щыIэми, абыкIэ фадэм къытекIуэн яхэткъым.

♦Делэ узыщI фадэм уефэ хъунут, утефыхьыжмэ, губзыгъэ узыщIыж щыIамэ. Ауэ нэхъыбэр абы щIефэр делэ защIын къудей щхьэкIэщ, абы щыгъуэми я узыншагъэм емыгупсысыжыфу.

♦ДыгъуакIуэр зыгуэрым едыгъуэмэ, фадафэр и щхьэм йодыгъуэж.

♦Дзы пхуэлъыхъуэ жагъуэгъур мэгуфIэ, уефауэ илъагъумэ.

♦Ефэрейр зэранщ икIи ауанщ, ауэ ар абы къыгурыIуэркъым и акъылыр ирефыжри.

♦ИмыIэр къигъуэту ефэм къыгурыIуэркъым имыIэр къигъуэту быным езыгъэшхым и гукъеуэр.

♦КIэ зимыIэ гугъуехь щыIэкъым, фадэм къыпхуихьым фIэкIа.

♦ИмыщIапхъэ иригъэлэжьа нэужьи, аргуэру цIыхур зыхуэгъэделэр фадэращ.

♦КIуэдыпIэм хуэзышэ гъуэгу закъуэщ къапэщылъыр фадэмрэ афиянымрэ дихьэхахэм - зэрыгупсысэ акъылыр а щхъухьым зыфIидыгъуахэм.

♦Къэбгъэщ1а гъащIэр къыщубжкIэ, чэфу узэрыщыта махуэхэр хыумыбжэ.

♦КъулыкъущIэри, щIэныгъэлIри, лэжьакIуэжьри зэхуэдэ зыхуэщIри я напэр текIауэ зыгъэкIуэдыжыфри фадэм и закъуэщ.

♦«Кхъуэм хуэдэу ефащ» щIыжаIэр, кхъуэр фадэ ефэу аракъым, атIэ ефа цIыхур кхъуэм ещхь хъуурэ аращ.

♦Фадэм лъагъуныгъэ хуэзыщIам нэгъуэщI лъагъуныгъэ къыхуэнэжкъым.

♦Нэхъ нэмысыфIэ дыдэри, фадэм дихьэхмэ, нэмысыншэ мэхъу.

НЭХУЩ Хьэжпагуэ.

● Гу зылъытапхъэ

Хэкум и хъумакIуэ хъунухэм я спартакиадэ

КъБР-м ЩIалэгъуалэ Iуэхухэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмкIэ и къэрал комитетым, КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм, республикэм и дзэ комиссариатым жэпуэгъуэм и 20-м ирагъэкIуэкI дзэм къулыкъу щащIэну зи ныбжь нэмысахэм я республикэ спартакиадэ. Ар IыхьитIу гуэшауэ екIуэкIынущ.

Пщэдджыжьым КъБР-м и РОСТО-м (ДОСААФ) щызэпеуэнущ калибр цIыкIу фочхэр гъэуэнымкIэ, гимнастикэмкIэ, противогаз IэмэпсымэхэрIнэхъ псынщIэу, IэкIуэлъакIуэу къэгъэсэбэпынымкIэ.

Хэкум и хъумакIуэ хъунухэр махуэм и етIуанэ Iыхьэм хэтынущ республикэ сабий стадионым щекIуэкIыну эстафетэм.

КъызэгъэпэщакIуэ комитетым спартакиадэм ирегъэблагъэ дзэ-прикладной спортым дихьэх псори.

ЖЫЛАСЭ Замир.

НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.

Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэ

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР: **Хьэфыцэ Мухьэмэд** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Жылэсэ Маритэ, Лъостэн Музэ, Ныбжь Танзэ, Уэрдокъуэ Жансурэт, Хьэжыкъарэ Алик, Шал Мухьэмэд.**

ДИ ХЭЩIАПIЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; хъыбархэмрэ щIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 42-63-64, 47-32-15; зэдэкIэмкIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IуэхущIапIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ поштым зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 42-06-51, 42-19-59.

Газетыр щэнымкIэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы номерым и уасэр 250-рэ къыдокI.

КъБР-м ЩIэныгъэмрэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ и министерствэм 1905 гъэм щыIа Революцэм и цIэр зезыхьэ полиграфкомбинат, Налшык къ., Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, телефоныр 42-35-75.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ ДыщэкI Соня, редактору НэщIэпыджэ Замирэ, корректорхэу Афэ Тамарэ, ПхытIыкI Юрэ, Табыщ Динарэ, корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу Иуан Заирэ. *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ:* Дол Маринэ, ГъукIэлI Рае, Щомахуэ Маринэ, *сурэтыщI* Бицу Жаннэ.

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ тедзэн хуейщ сыхьэт 20.00-м. Щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 10.010 ● Заказ №3423